rembuge kang para raja
eman aja kepareng doh
mulane ta pamanira
yayi mas Parangteja
sun kongkon marang Medayun
ngiras dadi wakilingwang.
11. Pamanira neng Medayin
lakune pan kebarengan
wong anglamar ratu gedhe
nagrine Kandhabuwana
bebala para raja
ratu prakuswa dibya nung
Banakamsi namanira.
12. Apan meh pagut ing jurit
iya lagi pamanira
nuwun parentah maring ngong
baris ing Kandhabuwana
pan wus mrepeki kitha
Medayin kasut kalimput
kekes wong sajro negara.
13. Iya ana kang ngenuri
pangawene kakinira
si Bestak pan salawase
lakune sok komadaka
samengko karsaningwang
ya ibumu karo iku
sun duta melatukana.

14. Anjangkunga ing ngajurit
yayi mas ing Parangteja
ngampingi kabatinane
abanget kuwatir ingwang
marang ing pamanira
ibunira karo iku
bisa ngambah jumantara.
15. Ibumu Sudarawreti
titihan garudha yaksa
ibunira ingkang anom
pan Saomahi paksindra
prajurit karo padha
Kuresin nembah umatur
lamun makaten kawula.
16. Rama inggih nuwun pamit
atetinjo dhateng paman
sarenga pun ibu karo
kang rama alon ngandika
nimas sakarsanira
bibekamu Jahar Banun
mendah kangene mring sira.
17. Kang putra matur wot sari
kula rama gelacutan
lawan jeng ibu kemawon
mung pawongan kawan dasa
sampun rubed ing marga
katiga ngabekti sampun
pareng mesat ing gegana.
18. Kang ibu sampun nitihi
ing kukilanira samya
sigra kinetab ibere
ngayuh napak jumantara
ngapit Sang dewi Raja
lir kilat mamprung-amamprung

ing Medayin kang sinedya.

19. Mung kari Ismayawati
kang tengga marang kang raka
aneng jro pura karongron
kuneng nagari Kuparman
wuwusen kang lumampah
katiga sampun angayuh
lan cethi jin kawan dasa.
20. Rikat mahawan wiyati
Medayin pan wus kungkulan
katri sareng paniyupe
dumrojog mring pasanggrahan
ing wanci bakda isa
manjing sang putri katelu
pakuwon ing Parangteja.
21. Arya Maktal duk alingih
lan garwa Retna Sajarah
pan lagya angikir bedhor
kang garwa ngrampelas gandar
jemparing pepilihan
kagyat wau praptanipun
Sang Raja Putri katiga.
22. Kuraisin awotsari
mring kang paman Arya Maktal
lajeng nungkemi padane
Retna Sajarah umiyat
rinangkul ingkang putra
dhuh Kuresin putraningsun
tan dipe yen sira prapta.
23. Ingsun kaya wong angimpi
babo nini praptanira
lawas temen sira dhenok
tan tinjo wong tuwanira

padha kawelas arsa
sru nangis Sajarah Banun
kinekep-kekep kang putra.

24. Kuraisin awotsari
dhuh Bibi sampun pinanjang
kabeh kang sampun kalakon
pasthi titahing Hyang Suksma
amba saking Kuparman
paman inggih salamipun
raka paduka jeng rama.
25. Mila kawula lumaris
lan pun ibu kalih pisan
bebantu batin wiyose
paduka ajeng-ajengan
lan Banakamsi Raja
Kandhabumi ratu mungsuh
mila kawulenggal prapta.
26. Pan ingutus andombani
ing raka tuwan jeng rama
mengsah punika pan abot
ratu saweg tinarima
pamanguning istijrad
sikir ageng kabulipun
tan keni linawan lamba.
27. Kadi tedhaka pribadi
raka paduka jeng rama
dene sampun **katelangso**
akarya wakil sampeyan
mila kewran ing driya
Raden Maktal ngandika rum
nini aja karya susah.
28. Sedheng ngong bae nadhahi
sagendhinge ing ngayuda

wong Kandhabuwana kiye
amung pawartane ana
putri kadang digdaya
Banawati prange wudhu
apan manungsa kajiman.

29. Iku sira sun bubuhi
yen wanodya prang lan ingwang
ingsun dadi kampirare
Kuraisin matur nembah
paman sampun tinoya
yen antuk barekahipun
raka paduka jeng rama.
30. Jarah Banun ngandika ris
iku nini kaya paran
ibune ginawa karo
Retna Kuresin turira
Bibi raka paduka
Ibu Ismaya kang kantung
tengga rakanta jeng rama.
31. Kuraisin den gablogi
iki silih bocah nakal
apa ta mengantenake
ibune lawan kang rama
tunggu aneng Kuperman
iya bener putraningsun
mangkono titikanira.
32. Mengko kaya paran nini
aparakara mungsuhira
endi kang dhininginake
apa iya pamanira
kang wiwit magut ing prang
apa sira dhingin iku
si Banawati cinacak.

33. Kuraisin matur aris
Bibi prakawis punika
langkung pun paman karsane
yen amba ingandikakna
dhingini pan sandika
yen kinarsakena kantun
sandika tuduhe paman.
34. Arya Maktal ngandika ris
iku nini karsaningwang
sira dhinginana gawe
kriwikan malar dadiya
iya banyu grojogan
apan iya obahingsun
wewalere ramanira.
35. Ingsun kinen anganteni
parentahe eyangira
Sri Bathara pamagute
Retna Prabu matur nembah
lamun makaten paman
kula wiwit mangke dalu
anjejep sajroning pura.
36. Akanthi pun ibu kalih
Wong Agung ing Parangteja
iya rara prayogane
ibumu kang angedhenga
sira dadya simpenan
wus mateng ing rembugipun
kuneng malih winursita.
37. Kusumayu Banawati
putri ing Kandhabuwana
pamit ing raka sang katong
arsa andhustha mring pura
mandungi sedyanira

marang Kusuma Marpinjun
nadyan rerempon ing aprang.

38. Yen sampun anyekel putri
kang raka nurut kewala
mring kang rayi sakarsane
sigra angrasuk busana
kaos made sengara
bat ebate kalpamarut
asampura tebah jaja.
39. Gandhewa dibya neng kering
jemparing wasiyat kanan
pedhang tamsir ing susune
mesat napak jumentara
ngungkuli jroning pura
ngulati gene Marpinjun
nedya jajah jroning pura.
40. Mankana ingkang winarni
Sang Raja Dewi wus mangkat
kalawan kang ibu karo
manjing sajroning kadhatyan
kaputren jujugira
samekta kaprabonipun
prapta ngubengi jro pura.
41. Ni Dewi Sudarawreti
kang munggend ngarsaning lampah
Retna Rabingu wurine
Sirtupelaeli wuntat
lan kang putra Ngajerak
tan ngatingal solahipun
lan cethi jin kawan dasa.
42. Wau Retna Banawati
pratingkahira tetela
denira ngrampit kaputren

panggih pasareyanira
Marpinyun karsarira
pinet winadhahan jepun
kumala isi nagara.

43. Sang Retna pan maksih guling
pinasangan sesirepan
Banawati eca tyase
praptane putri katiga
Kuraisin Sudara
miwah Sang Retna Rabingu
mandungi Marpinjun samya.

44. Sami setyane dhatengi
mangkana Retna Sudara
uninga yen ana uwong
pawestri dhepepel gennya
aneng pojok lor wetan
anjawil Retna Rabingu
putri kalih mundur samya.

3. **DEWI BANAWATI KACEPENG ING DEWI KURAINISIN**

DURMA

1. Putri kalih ngandika marang kang putra
Retna Prabu Kuresin
miranti katiga
Retna Sudara mangsah
anyapa menthang jemparing
lah iku sapa
dhepepel kaya maling.
2. Angakuwa apa wadon apa lanang
Sang Dewi Banawati
kagyat anggrahita
iya sun duratmaka
putri saking Kandhabumi
maling prawira

peparab Banawati.

3. Nora nambuh pan ingsun arsa andhustha
iya Sang Raja putri
Marpinjun sun angkah
tanggone kadang ingwang
kakang Prabu Banakamsi
marma sun angkah
pan arsa den alangi.
4. Mring wong Arab kang aran si Parangteja
iku kang angrasani
barise malatar
wong rusuh angrurunjang
mulane sun ambil wengi
dadiya aprang
sok wusa oleh putri.
5. Anauri sugal Sang Retna Sudara
iya padha lan mami
tatanggoning kadang
ingsun wong Parangteja
iku kang den pepalangi
mring kadangira
kang aran Banakamsi.
6. Ratu rusuh sok pager ayu den rusak
ngling Dewi Banawati
kalingane sira
maling putri ing Ngarab
tunggal gawe lawan mami
padha ngumbara
pan dudu wong Medayin.
7. Nora iamak angkuhe wong Parangteia
krama ngaiang-alangi
wong Kandhabuwana
nora katon manungsa

baya katon wrejid cacing
ngakuwa sira
aranmu maling jahil.

8. Lan apane sira lan si Parangteja
angling Sudarawreti
pan kadange tuwa
ya iki araningwang
sun aran Sudarawreti
putri digdaya
payo tandhing kuwanin.
9. Nora oleh yen sira nedya ngambila
mring putri ing Medayin
yen maksih Sudara-
wreti durung palastra
lan ana kadange malih
Rabingu nama
ya Sirtupelaeli.
10. Kagyat krodha Banawati menthang langkap
lumepas kang jemparing
lumarap cinandhak
marang Retna Sudara
tinikel binuwang siti
Retna Sudara
angling sarwi nudingi.
11. Langar temen si urakan nambuh ing prang
geret menthang jemparing
lumepas cinandhak
sinabet ing gandhewa
putung tikel tibeng siti
putri ing Kandha
buwana marepeka.
12. Sareng mangsah gapyuk uleng pareng jambak
uleng tarik tinarik

kinipat kasingsal
Banawati gya mesat
Sudarawreti mrepeki
titihanira
mesat marang wiyati.

13. Wus anapak jumantara kalihira
narik pedhangireki
kalihe mangrepak
tempuh pedhang pinedhang
arok pur pating carengkling
mesat kalihnya
kobet anganan ngering.
14. Kadya kilat lumarap siring sudama
putri Karsinah aglis
nusul angumbara
pan lajeng nempuh ing prang
amedhangi Banawati
katampeg pedhang
awase Banawati.
15. Tangkis mesat tan kewran pamalesira
putung pedhange kalih
gya putri Karsinah
jambak saking ing wuntat
Sang Retna Sudarawreti
kang saking ngarsa
sareng anyendhal kalih.
16. Krodha kirab Banawati matak mantra
uwal pareng kabanting
mumbul kalihira
nututi nedya mrepek
minger Retna Banawati
tengginasira
wau Sang Raja Dewi.

17. Tyas kumesar umiyat solahing yuda-
nira kang ibu kalih
kether sanalika
mempeng sanget krodhanya
duka sigra marepeki
kering ibunya
lajeng anglambung jurit.
18. Kuraisin sigra nyandhak saking ngarsa
kalih anglud nanggapi
saking kering kanan
pan sampun pinrantenan
binakta maniyup sami
alon turira
wau Sang Raja Dewi.
19. Daweg ibu binakta mampir jro pura
lajeng mendhet jeng Bibi
pan sae binakta
dhateng ing pasanggrahan
yen taksih wonten jro puri
manawa myarsa
Sang Prabu Banakamsi.
20. Datan wande angamuk ngrabaseng pura
ngrebat kadange estri
temah pindho papa
kang ibu kalih samya
nuruti putranireki
wus prapteng pura
jujug kaputren sami.
21. Ing tilame Marpinjun dangu wungunya
dening miyarsa maling
suraning ngayuda
ngungun Sang Retna mulat
Marpinjun medal ing jawi
kang yogya para

putri ketiga prapti.

22. Saking antariksa kagyat sang lir retina
gupuh angacarani
takut semunira
embungipun mangrepa
sang putri ketiga linggih
Marpinjun tanya
tigas kawuryan sami.
23. Saking pundi pinangka miwah ing karsa
rawuh sajroning puri
gumujeng Sang Retna
Sudarawreti mojar
punapa pandung sayekti
nguni wus marak
kula Sudarawreti.
24. Retna Dewi Marpinjun angrangkul sigra
Kangbok Sudarawreti
meh pandung sakedhap
Kangbok putri Karsinah
saking wuri boten jawil
lah iki sapa
dhedhayoh luwih siji.
25. Kadi kadi sakawan puniku wuntat
Sudarawreti angling
puniku Sang Retna
nenggih putra paduka
ing Ngajerak Nata Dewi
tumut ing kula
bebujung nyandhak maling.
26. Dyan angrangkul Marpinjun marang kang putra
Ni Dewi Kuraisin
dhuh mas putraningwang
dene ta pareng sira

iya pakaryanireki
matur Sang Retna
ngutus bapa kiyahi.

27. Inggih kinen tetinjo dhateng pun paman
lan kinen amulungi
lamun kasor ing prang
lan ratu kang bebahak
narpati ing Kandhabumi
marma kawula
nanglang dhateng jro puri.
28. Apan nuju ing ngriki pinaran dhustha,
Sang Putri Kandhabumi
Banawati nama
arsa dhustheng paduka
lah punika sampun keni
ibu kalihnya
nenggih kang angsal sami.
29. Mila ibu paduka nunten siyaga
pareka lawan cethi
arsa kula bekta
dhateng ing pasanggrahan
neng pura sanget kuwatir
menek dhinustha
mring rajeng Kandhabumi.
30. Nadyan bibi kalamun pinandungana
rinekseng para putri
wonten pasanggrahan
ing paman Parangteja
lan prajurit para aji
sagendhinging prang
nadhahi Banakamsi.
31. Katadhanan dening para raja raja
Marpinjun anauri

iyo payo rara
ingsun nurut ing sira
apa sakarsanireki
wusnya samekta
budhal Sang Raja Dewi.

32. Lan kang ibu kalih napak jumantara
Marpinjun wus kinanthi
lan Sang Dewi Raja
tinunggil neng palangka
wus mijil saking jro puri
lampahnya prapta
pakuwon Ngarab wengi.
33. Wanci pukul sakawan ing praptanira
ing kang paman pan maksih
siniwi pranata
Wong Agung Parangteja
kagyat ningali kang prapti
Sang Dewi Raja
lawan sang putri kalih.
34. Sakawane putri Medayin Sang Retna
Marpinjun kang kinanthi
mring Sang Dewi Raja
kagyat kang para nata
gupuh denira nedhaki
Sang Arya Maktal
mingser denira linggih.
35. Wusnya lenggah sang putri sakawan pisan
wangsul para narpati
marang gennya lenggah
Kuresin matur nembah
Paman punika Jeng Bibi
kusumeng pura
kula bekta mariki.

36. Pan kuwatir maksiha wonten jro pura
bilih pun Banakamsi
mrih upaya dhustha
lawan punika Paman
arinipun Banakamsi
putri digdaya
inggih tumut mariki.
37. Apan sampun kasoran sagendhinging prang
dhateng pun ibu kalih
marma manjing milya
ing agama paduka
Wong Agung Parangteja ngling
sokur ya rasa
pitulunging Hyang Widdhi.
38. Dadi mungsuh amung kari saprakara
ingsun ing dina benjing
iya nuwun ingwang
parentah Eyangira
prakara si Banakamsi
pan wis pratandha
bebahak tepis wiring.
39. Arya Maktal animbali garwanira
Sajarah Banun prapti
Kuraisin sigra
mring kang bibi tur sembah
Jarah Banun sigra nganthi
mring dalem wuntat
sakawan wus den irid.
40. Arya Maktal ngandika mring para nata
padha samekteng jurit
pan ingsun ing benjang
sida nuwun parentah
sandika sagung para ji

sadalu samya
bujana ngiras pikir.

41. Kuneng dalu wuwusen enjang samekta
sagung para narpati
umiring sewaka
mring Arya Parangteja
Sri Bathara duk tinangkil
aglar ing ngarsa
kapara ngusap weni.

4. **RADEN MAKTAL NONJOK SERAT PANANTANG DHA- TENG PRABU BANAKAMSI**

SINOM

1. Patih Bestak matur nembah
ing Bathara Nyakrawati
pukulun atur uninga
Sang Prabu ing Kandhabumi
paran karsa sang aji
punapa inggih tinurut
panuwune punika
lamun paduka anampik
yekti dadra hardaweng Kandhabuwana.
2. Ing mangke wiwit ambeka
punggawane den ajani
bebahak dhusun tampingan
ngandika sri narapati
yen ingsun nora sudi
pratingkah mangkono iku
nganggo gelar suwawa
angkuhe wong Kandhabumi
nora mantra ngajeni kapraboningwang.
3. Heh sutengong Parangteja
sira pa wani nadhahi

sagendhinge yuda brata
lawan ratu Kandhabumi
Raden Maktal wotsari
kalamun nglampahi tuduh
pangestu padukendra
lebura den kadya siti
kadi boten kumedhep ngayahan tuwan.

4. Wewaha sasra nagara
kadi ratu Kandhabumi
saestu datan sumingah
Sang Nata lagyaca nangkil
wonten parekan prapti
saking jro pura umatur
pukulun Sri Bathara
putra paduka sang dewi
musna saking tilam tan wonten uninga.
5. Binakta ing duratmaka
mung bekta cethi kekalih
duk miyarsa Sri Bathara
jaja winga winga wengis
kadya bel mijil agni
nora lidok ujaringsun
ratu Kandhabuwana
muput cidra mejanani
lah rebuten Parangteja kadangira.
6. Mangsa ta iya duduwa
pangawene Banakamsi
Maktal sandika tur sembah
lengser saking ngarsa aji
prapteng jawi ngundhangi
siyaga arsa umagut
wau Prabu Nusirwan
ngandika marang apatih
ngundhangana ratu satriya punggawa.

7. Den samekta barisira
mendhema jro kitha sami
aywa amomori ing prang
dimen si Parangtejeki
kang padha ametoni
wong Ngarab sabalanipun
sandika patih Bestak
ngadhaton sri narapati
kawuwusa wong Agung ing Parangteja.

8. Sapraptaning pasanggrahan
tengara munya gong beri
gurnang bendhe aburangan
kumrab wadya tata baris
sagung para narpati
miranti sajuru-juru
budhal mring jawi kitha
wus kebut tan ana kari
karya kutha kekojor neng jawi kitha.

9. Anggenggeng tarub wangunan
daledeg bala kang mijil
tan pegat sadina-dina
wong Ngarab kang ngalih baris
mring jawi kitha sami
wus apajeg barisipun
wadya Kandhabuwana
kendel denny bebahaki
dene mulat yen ana baris kang medal.

10. Wong Agung ing Parangteja
codakanira amundhi
kang serat tunggul panantang
marang Prabu Kandhabumi
lagya siniweng dasih
munggeng ing tetarub agung
aglar prawiranira

satriya para narpati
matur nembah Kya Patih Dukawikandha.

11. Pukulun Sri Maharaja
mengah estu amiyosi
baris kekojor anggabag
nanging kawula tiliki
prajurit ing Medayin
satunggil tan wonten tumut
amung wadya Kuparman
prajurit panata baris
senapati satriya ing Parangteja.
12. Angguguk duk amiyarsa
Sangprabu Banakamsi
bayarsa pasrah boyongan
si Parangteja ing mami
Sang Nata maksih angling
kagyat wau praptanipun
duta bekta panantang
jumug rekyana patih
ngaturaken serat sampun tinampanan.
13. Lajeng katur ing Sang Nata
Banakamsi anampeni
winaca sinukmeng driya
penget iki surat mami
satriya Ngalabani
Wong Agung Parangtejeku
lire surat manira
tupiksanen Banakamsi
ingsun datan anduga pratingkahira.
14. Sajeg ingsun aneng dunya
durung miyarsa udani
ratu ingkang kaya sira
nguthuh angebeki bumi
tanpa lingsem tinampik

tanpa lingsem tinampik
ratu bragundung jalebut
mangkono solahira
kumlungkung anglelanangi
cemer jember paksa luwih ing sajagad.

15. Apa tan ana wong lanang
mung ratu ing Kandhabumi
tan ana wong duwe nyawa
sajagad mung Banakamsi
ratu pangadeg iblis
sato polah tingkahipun
tinggal kramaning raja
pepadhamu wrejid cacing
jamak ratu yen arsa prang pan ubaya.
16. Beberuwun ing ngakrama
bedhog dharadhat ing niti
baya jampeng cadhok sira
nora amiyarsa warti
yen nagri ing Medayin
mengko ana isinipun
satriyadi **lelana**
saking Kuparman nagari
kang kinadang mring Wong Agung Kakungingrat.
17. Teka mamak gawe polah
jeminul datanpa kering
ratu ambeke maesa
sato isining wanadri
heh sira Banakamsi
apa lurahing pepikul
apa awak baita
eman nagri Kandhabumi
sira ingkang ngratoni ambek cemera.
18. Yen sira tuhu narendra

payo prang ubaya tandhing
apa ta sagendhingira
aja acara pakathik
payo milang prajurit
mangkono solahing ratu
nateng Kandhabuwana
duka kang serat sinebit
pucicilan anudingi saruweyan.

19. Heh cecedhis ing Kuparman
warahen gustinireki
besuk payo magut ing prang
si Parangteja den enjing
baya iku mekasi
wani angrawus maringsun
sumakeyan wong Arab
bagus bagus kramaniti
tai celeng mangsa ngong ulapa ing prang.

20. Mundur duta Parangteja
saking ngayunan tan pamit
lampahira sigra sigra
ing pasanggrahan wus prapti
lajeng marak ing gusti
katur salah reh ingutus
gumujeng kang miyarsa
sagung kang para narpati
kuneng dalu wuwusen enjang samekta.

21. Tenganira sauran
gumuruh kang tata baris
mijil angebeki papan
sagung kang para narpati
pra samya anindhahi
pepatih punggawanipun
ing barise sadaya
ratune angumpul sami

pan sumiwi mring Wong Agung Parangteja.

22. Sampun angrasuk busana
sakapraboning ngajurit
ginarebeg pra dipatya
miwah kang para narpati
gegaman wus amregil
arebat papan wadya gung
Wong Agung Parangteja
prajurit panata baris
prapteng papan wus lenggah munggeng wijohan.
23. Ingayap kang pra dipatya
tepung kang para narpati
baris atap akalangan
wau rajeng Kandhabumi
barise sampun mijil
gumuruh marwata guntur
barise akalangan
tepung kang samya wong cili
ambalabar prawira Kandhabuwana.
24. Lunggyeng retna dirgasana
Sang Prabu ing Kandhabumi
aglar kang para narendra
satriya punggawa mantri
lir pagut ing jaladri
baris angalun gumulung
samya sawang sinawang
wong Ngarab wong Kandhabumi
amit nambah nateng Bangid Darundiya.
25. Mring Wong Agung Parangteja
ingiden mangsah tumuli
sampun anitih turangga
mider ing papan sesirig
sesumbar nguwuh tandhing
payo sapa arsa lampus

- papagen tandangingwang
 iki narpati ing Bangid
 ratu gamben ingsun nama Darundiya.
26. Sang Prabu Kandhabuwana
 nuduh prawiranireki
 ratu nagrine Gumawan
 sira raja Bagaspati
 anitih kuda janggi
 kawok kaprabon prang pupuh
 prapta ing pabaranan
 ayun-ayunan mrepeki
 asru mojar narapati Darundiya.
27. Prajurit aranmu sapa
 angakuwa mumpung urip
 nauri kang tinakonon
 ingsun raja Bagaspati
 andeling Kandhabumi
 ing Gumawan prajaningsun
 lah sira iku sapa
 sumaur sun raja Bangid
 ratu moncol ingsun nama Darundiya.
28. Andele wong Parangteja
 naking sanak lawan mami
 payo apa aneng sira
 lekasena dipun aglis
 gya prabu Bagaspati
 amuter gadanira gung
 Sang Prabu Darundiya
 atangkis parise wesi
 dyan pinupuh tan osik Sang Darundiya.
29. Kuwate panangkisira
 kuwate ingkang anggitik
 swara jumbret lir gelap

mubal dahana ngebyuki
marang sang rajeng Bangid
kalaban ing geni murub
anglumba kang turangga
mungsuw senggak alok mati
kadya guntur surak wong Kandhabuwana.

30. Satelase kang dahana
katingal Sang Rajeng Bangid
turangganira kinebat
mubeng anganan sesirig
muter gada sarya nging
hah Bagaspati den gupuh
kudhunga paris waja
den prayitna sun ambindi
narapati Gumawan kudhung saksana.
31. Parisane bandabaya
amupuh sang rajeng Bangid
anggada sarwi asenggak
wong Ngarab surake atri
Sri Raja Bagaspati
tangkis parisane sumyur
sigar nateng Gumawan
kasampe jangganireki
pan kalempur kontal tiba saking kuda.
32. Tedhak Prabu Darundiya
anyekeli Bagaspati
wus pinaringaken wadya
wong Ngarab suraknya atri
anitih kuda malih
Darundiya nguwuh mungsuw
lah payo gilirana
prajuritmu Banakamsi
sira dhewe metuwa tandhing lan ingwang.

33. Aja ngadu balanira
tanpa wekas ing ngajurit
wau tan betah miyarsa
nak sanake Banakamsi
Sang Prabu ing Sarwiti
raja Selat namanipun
nitih angrimong pethak
pamit marang Banakamsi
wus ingiden anander mring rananggana.
34. Wus panggih ayun-ayunan
Raja Selat asru angling
apa sira Darundiya
iya sang ratu ing Bangid
ngundha mana sireki
iya marang ratuningsun
kaya nora katekan
yen masih rajeng Sarwiti
Raja Selat pan ingsun ratu digdaya.
35. Tadhahana Darundiya
pepanggilingsun ing jurit
salukunira ingikal
rante mas sinilih asih
sinabet rajeng Bangid
katangkis parisnipun
pinuter ingoncatan
kinipataken angering
kaparucut kapuntir kang rante rantas.
36. Awatara kalih asta
panjanging rante kapuntir
angetab angrimongira
Raja Selat marepeki
sukune kang turanggi
Rajeng Bangid sinalukun
suku kekalih rantas

rebah turangganireki
Darundiya malumpat tan mundur ing prang.

5. **RADEN MAKTAL PRANG KALIYAN PRABU BANAKAMSI**
DURMA

1. Sigra narik pedang Raja Darundiya
wau rajeng Sarwiti
angrimonge seta
pinedhang sukunira
kapat tugel angemasi
angrimong rebah
tiba rajeng Sarwiti.
2. Tangi narik pedhang Raja Selat medhang
angrok pating carengkling
surake gumerah
mungsu kalawan rowang
rame kang samya ajurit
pedhang pinedhang
ruket prang dharat sami.
3. Samya kuwatira samya wasisira
ing prang awase sami
keder danguning prang
pedhang kadya kitiran
putung pedhangira kalih
wus tanpa guna
sareng ambuwang kalih.
4. Sareng tandang rok ruket candhak cinandhak
keket tarik tinarik
udreg dhal sinendhal
saya rame kang surak
lir gora manengker langit
kang wadya Ngarab
miwah wong Kandhabumi.

5. Raja Simbarmuka narpati Kudarta
 prawira Kandhabumi
 tetulung ing yuda
 dharat angundha gada
 nulungi rajeng Sarwiti
 mara anggada
 marang Sang Prabu Bangid.
6. Ingoncatan gadanira tibeng lemah
 giwar sarwi anjenggit
 Prabu Darundiya
 wuru riwut ing yuda
 Raja Selet kang jinenggit
 sarya den uja
 tiba inguncit-uncit.
7. Ratu Minangkabo raja Diwangkara
 ratu bala Serandil
 atas tingalira
 yen nata Darundiya
 ing prang kinarubut kalih
agurawalan
 ing pabaratan prapti.
8. Raja Simbarmuka sang rajeng Kudarta
 ginada saking keru
 walikate sempal
 tiba nateng Kudarta
 pinindho sampun ngemasi
 sirahnya parah
 wau rajeng Sarwiti.
9. Wus kabanda dening raja Darundiya
 senapatining jurit
 ing reh kawaspadan
 Wong Agung Parangteja
 parentah kinen netegi

pemut pratandha
ambubaraken baris.

10. Sampun bedhol wau sagung baris Ngarab
miwah wong Kandhabumi
animbangi bubar
Sang Prabu Darundiya
antuk nyikep ratu kalih
Sri Diwangkara
mejahi ratu siji.
11. Saundure mring Wong Agung Parangteja
kalih samya ngabekti
wus samya ginanjar
makutha nawa retina
sapanjenenging prajurit
ratu kalihnya
samya suka tyas neki.
12. Ya ta wau Wong Agung Parangteja
daluh bujana sami
aneng pasanggrahan
lan sagung para nata
Raja Selet ing Sarwiti
lan ing Gumawan
Sang raja Bagaspati.
13. Tinimbalan kalih wus prapteng ngayunan
Raden Maktal lingnya ris
heh rajeng Gumawan
apa ta karepira
apa urip apa mati
yen arsa gesang
nuta agama mami.
14. Bagaspati lamun sira datan arsa
miwah rajeng Sarwiti
karo pasthi pejah

kalih umatur nembah
kawula anuwun urip
sakarsa tuwan
inggih manjinga abdi.

15. Tan lenggana inggih sakarsa paduka
Wong Agung tedhak aglis
nguculi bebandan
sang prabu kalih samya
pinaring makutha sami
wus kinen lenggah
nunggal lan para aji.
16. Angandika Wong Agung ing Parangteja
mring sagung kang para ji
padha ngestrenana
yen ratu kalih samya
ingsun ulihaken malih
ratune samya
Gumawan lan Sarwiti.
17. Sampun sinung anting anting palenggahan
tetep nunggil para ji
sadalu bujana
gantya kang kawuwusa
Sang Prabu ing Kandhabumi
lagya bujana
lan sagunging para ji.
18. Miwah para mantri satriya punggawa
mayeng mider kang laroh
sarwi paguneman
awrat enthenging mengsah
wonten dasih tur upeksi
pan embanira
kang rayi sang Sudewi.
19. Matur nembah pukulun ngaturken tiwas

rayi paduka aji
estu kasor ing prang
wonten sajroning pura
apanggih sami memaling
lan putri Ngarab
nama Sudarawreti.

20. Sami ngangkah putri Medayin dhinustha
kapranggul sami maling
lajeng bandayuda
lawan kadange tuwa
Wong Agung Parangtejeki
putri digdaya
nama Sudarawreti.
21. Rayi tuwan kasor ing prang wus kabanda
dening Sudarawreti
ing mangke binekta
dhateng ing pasanggrahan
binalenggu ring sang dewi
duk amiyarsa
Sang Prabu Banakamsi.
22. Ngadhuh krodha mangkrak adhuh ariningwang
marmane nora prapti
sira katiwasan
kasor prang jroning kitha
lan kadange mungsuh iki
si Parangteja
aja memaras yayi.
23. Nora wurung sun rebut bela nembelas
dhuh adhuh ari mami
katuwone sira
tut wuri kadang tuwa
kalana andon ajurit
anemu papa
ingsun tiwas sayekti.

24. Antekena besuk esuk bae rara
sun tumpese ing jurit
pan si Parangteja
wus aneng astaningwang
heh Dukawikandha enjing
den asamekta
ingsun arsa ngawaki.
25. Bekas bekis Sang Prabu Kandhabuwana
kadya tan napak siti
sangeting krodhanya
sasat angga dahana
kuneng ta guneming latri
wuwusen enjang
tengara munya atri.
26. Samektenjang prajurit Kandhabuwana
tengara wor pangriking
blegdaba dipangga
mijil baris balabar
neng papan wus angebeki
ngrasuk busana
Sang Prabu Kandhabumi.
27. Amakutha jong mangkrak akara wistha
tebah jaja her geni
bangun kilat boja
kumethap nawa retina
padaka retina bangunjring
bate batendra
carendra endragiri.
28. Tirah retina sapta warna tali asta
tuhu lamun ngajrihi
dedege sembada
tumrecep ing prawira
Maha Prabu Kandhabumi
tedhak saksana

ginarbeg ing prajurit.

29. Prapteng papan munggend made dirga sana
kinubeng pra dipati
tepung para raja
nateng Kandhabuwana
sigra denny mundhut esthi
wus munggend ngarsa
tedhak sri narapati.
30. Baris Ngarab wus dangu ing wijilira
balabar amiranti
lunggyeng ing wijohan
Wong Agung Parangteja
kinubeng ing pra dipati
myang para raja
wau Sang Banakamsi.
31. Mijil kawot sakapraboning ngayuda
munggend luhuring esthi
dipangga pinolah
surak anglir ampuhan
wadya bala Kandhabumi
kang magut ing prang
ratune angawaki.
32. Kadya guntur gumuntur nengkur bawana
wong Ngarab animbangi
kadya langit bentar
asru denny sesumbar
Sang Prabu ing Kandhabumi
payo wong Ngarab
rebuten ing ngajurit.
33. Iki silih Narpati Kandhabuwana
peparab Banakamsi
payo Parangteja
aja na ngadu bala

amrih wekasing ngajurit
anpa uwisa
yen ngaduwa para ji.

34. Duk miyarsa Wong Agung ing Parangteja
aken ambusanani
kuda ageming prang
nama Simbarlautan
samekta kaprabon jurit
busana mubyar
tedhak sigra anitih.
35. Arya Maktal ngatepang kuda umangsah
surak gumuruh atri
prapteng pabaratan
wus panggih yun-ayunan
angling rajeng Kandhabumi
lah sira sapa
mapag ing yuda mami.
36. Anauri ngong Satriya Parangteja
guguk duk amiyarsi
Banakamsi raja
heh kalingane sira
ingsun nyana geng ainggil
iku ta sira
tan gedhe endhek cilik.
37. Payo Maktal apa kang ana ing sira
ingsun arsa ngicipi
bobotira ing prang
dening kaliwat-liwat
ojate yen sira jurit
para narendra
tan ana kang nadhahi.
38. Akeh ratu agung kasor dening sira
kabanda ing ngajurit

baya ratu kompra
kalah prang lawan sira
dudu ratu Kandhabumi
payo den enggal
Raden Maktal nauri.

39. Heh ta sira kalingane nateng Kandha
buwana Banakamsi
sang prabu wruhanta
caranigsun ngayuda
nora watak andhingini
balikan sira
andhinginana aglis.
40. Senggak-senggak sang rajeng Kandhabuwana
heh babo dene apik
sira Parangteja
tan arsa dhinginana
lah iya den ngati-ati
sira sun gada
kudhunga paris wesi.
41. Nora wurung sira awor lawan lemah
katiban gada mami
sigra ngikal gada
nateng Kandhabuwana
Wong Agung Parangteja glis
kudhung ginada
mring rajeng Kandhabumi.
42. Saking sangeting gitik kuwat kang nangga
parise mubal agni
turangga anglumba
anjrit Simbarlautan
nguler kilan minger ngeri
surak gumerah
baris ing Kandhabumi.

43. Sarwi ngelokaken lah mati wong ika
adate ratu mami
sajega ayuda
durung mindhoni gada
begja lamun maksih urip
liwat wentala
aprang lan gusti mami.
44. Wus mangkana Wong Agung ing Parangteja
ngikal gadanira glis
pan sarwi ngandika
heh si Kandhabuwana
kumbaning gajahireki
lah kudhungana
iya parismu wesi.
45. Nora gadug ingsun anggada ing sira
amung gajahireki
geng aluhur sira
munggeng luhur dipangga
sun alit munggeng turanggi
gumuyu latah
Sangprabu Banakamsi.
46. Nyananingsun sira wus awor lan lemah
iya ingsun turuti
kumbaning dipangga
pan sampun kinudhungan
Wong Agung Parangtejaglis
ngayati gada
sarwi ngetap turanggi.
47. Wus ginada sigar parise malela
anrus kumbaning esthi
pecah gajah rebah
nateng Kandhabuwana
tibanira kajumpalik

kinter sigra
mring Arya Maktal aglis.

48. Kang wadya Rab surak lir akasa rebah
Sang Nateng Kandhabumi
tangi **dherakalan**
kinter ing turangga
lamun nedya ginitik
mring Arya Maktal
yekti lajeng ngemasi.
49. Apan amung kinter kuda kewala
wadya Rab anyuraki
wusnya tangi sigra
Nateng Kandhabuwana
angawe wadyanira glis
sasmitanira
garubuh ing ngajurit.
50. Wus grait Kya Patih Dukawikandha
gya ngundhangi para ji
tuwin pra dipatya
miwah mantri satriya
pareng mangsah ing ngajurit
kadya hernawa
nempuh ing rawa banjir.
51. Bala Ngarab mulat wong Kandhabuwana
pareng mangsah ngebyuki
sigra para nata
mangsah sabalanira
pra dipati para mantri
myang ulubalang
sadaya atut wuri.

6. **DEWI KURASIN TETULUNG PRANG**
PANGKUR

1. Kadya paguting samodra
bala Ngarab lan bala Kandhabumi
angken wanadri lan gunung
tempur ngasmareng laga
Arya Maktal wus ingayap para ratu
myang nateng Kandhabuwana
prawirane angubengi.
2. Rame patempuh ing prang
awurahan bereg binereg ngungkih
arok rinok salin tembung
rame tujuh tinujah
ruket caruk apopor pupuh pinupuh
ing prang wus kathah kang pejah
wong Arab wong Kandhabumi.
3. Wong Agung ing Parangteja
krodha mempeng anarik pedhang aglis
ngetap kuda nander ngamuk
myang sagung para raja
ing kang munggend dipangga blegdaba senuk
memreng lawan adal-adal
kadya ladhu'banjir wukir.
4. Kosik wong Kandhabuwana
binanjiran rinoban ing pepati
kang pinarag-parag sumyur
gempuran ing ngayuda
pangamuke wong Ngarab wus wuru marus
datan kena tinanggulang
pamuke para narpati.
5. Bubrah wong Kandhabuwana
nora tahan ingidak wus katitih
kowar kawir ajur gempur
baris Kandhabuwana
kari ta uwong Ngarab yen aprang ngamuk
gelare wutuh dirada

rempeg tahan ambeg pati.

6. Ngisis aris karusakan
tetumpesan prajurit Kandhabumi
kang panggah panggah kapusus
maledug nora tahan
anadhahi pamuke kang para ratu
aloke prajurit Ngarab
maksih abot duk pajobin.
7. Iki padha lan Kuristam
lan pademis abot duk ing pademis
wong Kandhabumi lah amuk
aja na prang ngucira
tangguh ana sira kudu prang garubuh
baya nora kulak warta
gelare wong Puserbumi.
8. Abot duk Kaos nagara
kumalungkung kudu wong Kandhabumi
ratumu ratu babruwun
mung karem tingkah cidra
payo amuk tadhahana den apengkuh
teka pijer gundam-gundam
tinggal ajang pothar pathir.
9. Banakamsi ngawe bala
nora bali takut angindhar sami
pedhot lajere wus gerus
nateng Kandhabuwana
wus kesisan punggawane akeh lampus
wadya lit mawur sasaran
kawus giras rebut urip.
10. Sang Rajeng Kandhabuwana
mung satriya punggawa pra dipati
ana kari kalih ewu
ngayap tan kena tebah

Arya Maktal watawis pangayapipun
pra dipati mantri sura,
tigang leksa tan atebih.

11. Wong Agung ing Parangteja
pan anglojok nguwuh mring Banakamsi
metuwa sira den gupuh
saking pangayapira
dudu ratu satuhu sira lumayu
heh nateng Kandhabuwana
ing kene papagna mami.
12. Lumayu awor wong kumpra
nora layak umadeg narapati
kagyat wau duk angrungu
sumbare Arya Maktal
ya ta kendel enget ing tyas sangaprabu
badhong neng dhadha sinendhal
inguncalaken wiyati.
13. Tibane dadi dahana
kantar-kantar geni geng angadhangi
rumeksa ing lampahipun
nateng Kandhabuwana
kang prajurit Arab pambujenge mangu
Wong Agung ing Parangteja
ngungun mulat genging agni.
14. Amaca angudubilah
geni apa ngadhangi wong ngajurit
dadya kendel rangu-rangu
Wong Agung ing Parangteja
susah ing tyas ya ta wau kang winuwus
ingkang memanuki ing prang
Retna Prabu Kuraisin.
15. Lan kang ibu kalihira
malatuki kang paman ing ngajurit

ing sasolah-solahipun
saking ing jumantara
Retna Banawati maksih binalenggu
rineksa neng **pasanggrahan**
dening sagunging wadya jin.

16. Wau kalane tumingal
Retna Prabu tedhak saking wiyati
lan kang ibu kalhipun
aniyup prapteng dharat
Kuraisin mring kang paman awotsantun
lah paman paran ing karsa
mengsah paduka nyidrani.
17. Amangun ingkang istijrat
sikir ageng ratu ing Kandhabumi
durjana salaminipun
angling Retna Sudara
den waspada aja mamang ariningsun
anuwun sang Arya Maktal
inggih pukulun kapundhi.
18. Nambungi putri Karsinah
Dyah Rabinguni Sirtupelaeli
aywa maras ariningsun
den mantep tekadira
aywa mengeng Arya Maktal matur nuhun
sarya ngandika mring putra
Nata Dewi Kuraisin.
19. Dhenok paran karsanira
pangabare ratu ing Kandhabumi
Kuraisin nembah matur
paman dipun saranta
inggih sampun paduka maras ing kalbu
Retna Prabu gya sasmita
nimbali sagung wadya jin.

20. Samya kinen ngambil toya
toya kathah kinopoh lan jejari
akeh wadhah lodhong petung
pengaron lan jembangan
sami mendhet jembangane wong Medayun
gusis pengaron jembangan
jro kitha binajag ing jin.
21. Wusnya denny ngambil toya
ing samodra binekteng ngawiyati
prapteng nginggil geni murub
siniram saking wiyat
kadya jawah geni sirna urubipun
sangsaya kathahing toya
sadekung ilining warih.
22. Sirna dahana Sang Nata
Kandhabumi kagyat ngungun tan sipi
ngungak sarya sru amuwus
heh babo Parangteja
nyata baud kaprawiraning prang putus
bisa nyirep geniningwang
pantes ojating sabumi.
23. Nanging sira babo aja
girang-girang maksih keh gendhing mami
kang ngluwihi saking iku
sigra buang makutha
medal buron wana wetune gumrubyuk
rebut ducung mamrih mengсах
wadya Rab kang mulat miris.
24. Saksana Sang Dewi Raja
ngawe bala prapta kang prawira jin
samy bekta palu palu
buron kang pinukulan
Retna Prabu sanjatane ngalor ngidul

Sudarawreti kalawan
Retna Sirtupelaeli.

25. Pareng anglepasken panah
ngiwa nengen jemparing amranani
buron alas sirna gempur
Kuraisin tur sembah
mring kang paman suwawi mangsaha gupuh
Sang Nateng Kandhabuwana
paduka ngrabaseng jurit.
26. Paduka andhinginana
Tuan pedhang Sang Nateng Kandhabumi
Arya Maktal ngandika rum
iya rara sun mangsah
ngetap kuda pun Simbarlautan mamprung
prapta sigra narik pedhang
pinedhang Sri Banakamsi.
27. Galigap Sang Nateng Kandha-
bumi mulat Sang Arya Maktal prapti
daringak arsa lumayu
katututan pinedhang
jangga rampung pejah lan turangganipun
linut cinacah ing pedhang
kuwandane rontang-ranting.
28. Mawur wong Kandhabuwana
Kyana Patih Dukawikandha keni
mring Darundiya kapikut
kyeh punggawa kacandhak
wadya Ngarab jejarah samya bebujung
bala ing Kandabuwana
kang nungkul keh den uripi.
29. Bebandan para dipatya
myang satriya wus samya den taleni
pawongane tigang ewu

garwanira tetiga
wus binoyong munggend pasanggrahanipun
katur marang Arya Maktal
para putri ngusap weni.

7. RADEN MAKTAL UNGGUL YUDANIPUN

SINOM

1. Kondur saking pabaratan
boyongan estri neng ngarsi
Wong Agung ing Parangteja
ginarebeg ing para ji
gumuruh suka sami
wau sang putri katelu
dhingin napak gegana
ing pasanggrahan wus prapti
wadya Ngarab ing pakuwon samya prapta.
2. Raja Yusupadi Kebar
kang dinuta angriyini
tur uninga sri Bathara
sirname wong Kandhabumi
ratune wus ngemasi
kathah pra ratu kang lampus
punggawa kyeuh kacandhak
rusak wadya Kandhabumi
jroning aprang prawirane tetumpesan.
3. Wong Agung ing Parangteja
ing pakuwonira prapti
wuwusen ingkang dinuta
prapteng jro kitha Medayin
kuneng wau sang aji
Sri Bathara ing Medayun
lagya mijil sineba
andher kang para narpati

pra dipatya Patih Bestak munggend ngarsa.

4. Prabu Nusirwan ngandika
dangu wartaning ajurit
Patih Bestak matur nembah
pan maksih rame ajurit
dereng wonten kajodhi
wong Ngarab kathah kang lampus
kadi-kadi wikana
sagendhingipun kajodhi
Betal jemur mesem anambungi sabda.
5. Munggend kerine Sang Nata
Pukulun Sri Narapati
kasor wong Kandhabuwana
ratune wus angemasi
pinedhang rontang ranting
dening pun Maktal Pukulun
jarahane akathah
Patih Bestak anauri
apan durung tetela puniku warta.
6. Malah wong Ngarab kasoran
puniku warta kang yekti
tan tutug gennyang ngandika
praptanira Yusupadi
dumrojog prapteng ngarsi
mendhak ing ngarsa Sang Prabu
umatur atur sembah
amba ingutus Sang Aji
tur uninga mengsah Tuwan sampun sirna.
7. Ratune sampun palastra
kang anama Banakamsi
prameswarine katura
tetiga dereng sesiwi
lawan pawongan cethi
kathahipun tigang ewu

tumungkul Patih Bestak
ngandika Sri Narapati
warta dora wartanira iku Bestak.

8. Bener wartane si Bapa
jidhet ratu Kandhabumi
ayuda lawan si Maktal
nora kongsi patang ari
balane tumpes tepis
kang urip padha anungkul
heh Bestak wartanira
wong apa ingkang wawarti
nora pantes amejanani nagara.
9. Pucet asawang kunarpa
wau rekyana apatih
aturira megap-megap
inggih abdi Tuwan mantri
mantri kang anjuroni
prakawis praptaning mungsuh
gumujeng Sri Narendra
iya matura sireki
mring sutengong Wong Agung ing Parangteja.
10. Yusupadi matur nembah
Lawan inggih kaping kalih
putra paduka Sang Retna
Marpinjun inggih kapanggih
pakuwon Kandhabumi
nanging dhinustha ing dalu
dening putra paduka
Sang Retna Sudarawreti
lan Sang Retna Sirtupeleli Karsinah.
11. Garwanipun putra Tuwan
Kuparman ingutus sami
nguningani kabatinan
dhateng lampaha kang rayi

rumeksa bokmanawi
kasoran ing yudanipun
sami putri digdaya
ing Karsinah Parangakik
ing puniku putranta sumanggeng karsa.

12. Taksih wonten pasanggrahan
Marpinjun rineksa sami
Sang Nata suka ngandika
kaliwat tarima mami
marang sutengong ugi
Parangteja den agupuh
muliha jroning kutha
Nateng Kebar awotsari
lengser saking ing ngarsa Prabu Nusirwan.
13. Kondur ngadhaton Sang Nata
pinethuk ing prameswari
juru jinem matur nembah
Pukulun paran ing warti
Sang Nata ngandika ris
wong Kandhabuwana wus gempur
dening si Parangteja
Banakamsi rontang ranting
sutanira Marpinjun katemu kana.
14. Nanging kenane dhinustha
mring bakal marune sami
putri Parangakik nama
Sang Retna Sudarawreti
padha putri prajurit
Karsinah Retna Rabingu
Sirtupeleli nama
mengko lagi sun timbali
sutanira Ki Dipati Parangteja.
15. Kuneng kang wus tata lenggah

Sang Nata lan prameswari
wuwusen ing lampahira
Nateng Kebar Yusupadi
prapteng barisan aglis
umarek ngarsa umatur
paduka ingandikan
bubara baris tumuli
mring jro kitha timbalan rama paduka.

16. Wong Agung ing Parangteja
ngundhang ing tengara atri
tuwin sagung para raja
sigra bedholaken baris
wau Sri **Narapati**
Nusirwan pribadi methuk
lampahe Arya Maktal
kapethuk Sri Narapati
salebeting saketheng kendel Sang Nata.
17. Piyak panganjuring lampah
gegaman para narpati
Wong Agung ing Parangteja
tedhak saking kuda aglis
malajengi Sang Aji
prapteng ngarsa ngaras suku
rinangkul kang lungayan
Sri Bathara sigra salin
sapangadeg piningken Arya Maktal.
18. Sakala salin busana
sawusnya manambah malih
kinekep kekep kang sirah
aduh sutaningsun gusti
wus padha ing tyas mami
tinunggu **rakanireku**
si Suraya Jayengprang
tetepe tyasingsun kaki

payo budhal kulup nitiha turangga.

19. Mundur nembah Arya Maktal
wus samya nitih turanggi
sareng budhale gumerah
lawan bala ing Medayin
wuri para pawestri
jempana Sajarah Banun
miwah Retna Sudara
Retna Sirtupelaeli
amung nata dewi kang datan katingal.
20. Prapteng kori panangkilan
Sri Bathara Nyakrawati
parentah mring Arya Maktal
kinen makuwona sami
nadyan Sang Raja Putri
Kusuma Retna Marpinjun
besuk bae barenga
lan bakal marune sami
tur sandika Wong Agung ing Parangteja.
21. Sri Bathara lajeng denny
ngadhaton miwah para ji
pan wus mantuk sowang-sowang
miwah bala Puserbumi
kabeh makuwon sami
tabah-tabahan ing dalu
yayah kadya sinekar
samana nagri Medayin
tutum enggar sapraja mentas jayeng prang.
22. Kuneng dalu kawuwusa
enjang siyaga anangkil
Wong Agung ing Parangteja
umiring Sang Raja Putri
aglar jempana joli

- kusuma Jarah Banun
sumiwi mring jro pura
ngirid sagung para putri
sampun denny siyaga samekta budhal.
23. Samarga dadya tontonan
miwah putri Kandhabumi
rineksa jempananira
marang Raja Putri Mesir
prajurit kang jajari
tameng gada munggend ngayun
duduk ing kering kanan
salukun angapit joli
gumaredeg pra dipati wurinira.
24. Joline Sang Retna Pura
Marpinjun ngarsa pribadi
nulya Sang Retna Sajarah
nulya putri Parangakik
lawan Karsinah nunggil
jampana ing wurinipun
putri Kandhabuwana
lajeng tumameng jro puri
para nata kabeh kendel panangkilan.
25. Kang jajari kendelira
munggend pasadon ping kalih
kang upacara sadaya
parestri lajeng mring puri
prapteng pasadon siji
tedhak Retna Jarah Banun
kendel atur uninga
mring Bathara Nyakrawati
Sri Bathara tumurun nimbali garwa.
26. Munggend made mas pinarak
lenggah lawan prameswari
nimbali Retna Sajarah

kang putri kinen angirid
lan sagung para putri
sarenga Retna Marpinjun
kerid Retna Sajarah
prapteng panataran aglis
Jurujinem tedhak anyandhak asta.

27. Astane Retna Sajarah
binekteng ngarsa narpati
Jarah Banun tur pranata
miwah sagung para putri
Marpinjun wus anunggil
lan kang rama ibunipun
prameswari karuna
mulat putri Parang akik
warna nunggil lan putra Retna Muninggar.
28. Mung kari ruruh lan ladak
ladak putri Parang akik
rinangkul Retna Sudara
mring prameswari Medayin
dhuh babo putri mami
si Muninggar lagi muncul
angling Prabu Nusrwan
sutangong Sudarawreti
aja taha ingsun milu ngambil putra.
29. Lah iku putri Karsinah
memper mantuku bok Mesir
ing nguni Sekar Kadhatyan
aja na kang walang ati
ingsun sayekti titip
mring arine ni Marpinjun
besuk lamun sidaa
kinarsakaken karabi
mring lakimu sutangong Suarayengjad.

30. Sira kang padha momonga
bok Karsinah Parangakik
kalihe umatur nembah
sampun Tuwan walang galih
kadi tan pindho kardi
rehning sami among maru
pan sampun amba sedya
ngraos memaru angabdi
ing batine mawongan putra paduka.
31. Resep tyasira narendra
miwah prameswari aji
Jarrah Banun matur nembah
lawan aturipun malih
putra Tuwan Narpati
kaatura ing pukulun
putri Kandhabuwana
punika pun Banawati
angandika sira Sang Prabu Nusirwan.
32. Iya sun liwat tarima
marang lakinira nini
sutengsun Ki Parangteja
yeku putri Kandhabumi
sira babo nak mami
Kusuma Sajarah Banun
sira putri utama
alaki prajurit luwih
durung ana labete utamanira.
33. Durung duwe maru sira
sasamaning para putri
ramanira Kangjeng Kakang
ing nguni Kasan Basari
garwa keh para putri
ramanira kakang prabu
ing mengko dadi ingwang

lakimu sun tarimani
Banawati putri ing Kandhabuwana.

34. Mesem sarwa matur nembah
sira Raja Putri Mesir
langkung panuwun kawula
ing lahir tumekeng batin
paduka paring kanthi
rehning angladosi kakung
penede wong satunggal
yekti pened wong kekalih
para putri suka gumujeng sadaya.
35. Ya nini sira waraha
lakimu sun tarimani
lawan nuli utusana
marang Kuparman nagari
konen atur udani
mring sutengong Jayengsatru
yen ing mengko wus sirna
kang dadi kelilip mami
parang muka ratu ing Kandhabuwana.
36. Sajarah Banun tur sembah
sandika Sri Narapati
Sang Prabu malih ngandika
lawan kapindhone nini
ngatasa karyaneki
aprakara Si Marpinjun
lah iya apa tamban
apa pinundhut tumuli
mring sutengong Kalana Surayengjagad.
37. Esuk miwah sore ingwang,
sumangga ing asta kalih
enggone aduwe karsa
iya mring arine ngriki
pan ingsun iki darmi

angukir mring Ni Marpinjun
dheweke kang kuwasa
yen ora karsa pribadi
akrama aliyan saking kang sarira.

38. Prameswari nambung sabda
warahen lakinireki
gone angaturi surat
mring kadange Jayengmurti
angur iya tumuli
pamundhute Ni Marpinjun
mupung kartaning jaman
yen tambane ngong kuwatir
Retna Dewi Jarah Banun tur sandika.
39. Sang Prabu malih ngandika
Nini Jarah Banun mami
angrungu yen sutanira
wayah ngong Ni Kuraisin
iya milu mariki
tur sembah Sajarah Banun
inggih wayah paduka
watir mring kang paman nenggih
prawirane narpati Kandhabuwana.
40. Sri Nusirwan angandika
marang Raja Putri Mesir
Lah undangan sutanira
putuku sun arsa panggih
Sajarah Banun noli
sasmita mring putrinipun
Kuraisin ngatingal
marek ing ngayunan prapti
dyan ingawe marang Bathara Nusirwan.
41. Malajeng nungkemi pada
ing Bathara Nyakrawati

lajeng nembah mring kang Eyang
Jurujinem ngrangkul aglis
wusnya tata alinggih
Nusirwan suka lon wuwus
lah iki putuningwang
lawas ingsun durung panggih
ibunira ya nini padha raharja.

42. Kuraisin matur nembah
pun ibu inggih basuki
samangke wonten Kuparman
atenga jeng rama inggih
lan sagung prawira jin
sangang yuta ingkang kantun
kawan yuta prawira
umiring kawula sami
anjageni mring pun paman Parangteja.

43. Sang Prabu malih ngandika
sira nini sun paringi
karya mrih rikating lampah
lumakuwa ta sireki
marang Kuparman nuli
anggawaa layangipun
pamanira Si Maktal
dene ibunira kalih
putri Parangakik lan putri Karsinah.

44. Padha sun andheg karonya
barenga arine sami
Marpinjun lamun ginawa
dadinya panglipur sami
tur sembah Kuraisin
mangkana wau Sang Prabu
prapta sesotya retina
myang busana adi adi
Jarah Banun kang kinen bagi ganjaran.

45. Kang marang Retna Sudara
miwah Sirtupelaeli
punika sami kapala
wau Retna Banawati
pan sampun kinen nunggil
kalawan Retna Marpinjun
miwah Retna Sudara-
wreti Sirtupelaeli
samy a kinen atengga kusumeng pura.
46. Wus medal Retna Sajarah
lan kang putra Kuraisin
sapraptaning pasanggrahan
wus panggih kalawan laki
dhinawuhaken sami
timbanganira sang prabu
punika putra Tuwan
pan inggih sinungan kardi
mring Kubarman bektaa surat paduka.
47. Wong Agung ing Parangteja
mesem angandika aris
nini Kuraisin sira
beja ing sadina iki
rinampeki yangireki
salawasira sinatru
sira pinaring apa
matur nembah Kuraisin
pinten pinten paman rinampeki wong tuwa.
48. Wong Agung sigra nenurat
wusnya dadya den ecapi
tiningkem sinung ngalamat
kawot saguning prakawis
Raden Maktal lingnya ris
lah enya nini den gupuh
aturna sembah ingwang

mring ramanira jeng gusti
wus tinampan Sang Retna lengser tur sembah.

49. Wus anapak jumentara
Retna Prabu Kuraisin
pan amung jin kawan dasa
ing kang binekta Sang Dewi
nenggih kang mikul sami
palangkanira jumerut
wadya jin kang akathah
tinilar aneng Medayin
kawuwusa Raja Dewi guladrawa.

8. **PRABU SANASIR MAKILI WONG AGUNG NINGKAH
DEWI MARPINJUN**

DHANDHANGGULA

1. Rikating jin kalamun lumaris
nora kena yen ta winuwusa
kodrating Hyang wus pandume
pan ejin iya sinung
jisimira jisim rokhani
wau kang kawuwusa
anenggih Wong Agung
Suraya Jayengbawana
kang kekutha aneng Kubarman nagari
enjang duk siniwaka.
2. Munggeng made kenaka rinukmi
dene sagung para raja raja
pra dipati satriyandher
kagyat ing praptanipun
Retna Prabu niyup nungkemi
ing padane kang rama
cingak kang andulu
Nata Dewi atur surat

wus tinampan ing rama sinukmeng galih
bebukane tur sembah.

3. Pun Parangteja atur upeksi
aprakawis kang mengsah sadaya
Nateng Kandhabumi mangke
kasoran prang wus lampus
punggawane kathah ngemasi
tuwin kang para nata
inggih kathah lampus
kekalih ratu kang gesang
ing Gumawan lawan Sang Rajeng Sarwiti
wadya kyeah kang kajarah.
4. Saking sapangat Paduka Gusti
ing ngayuda Sri Kandhabuwana
datan awrat sesanggane
amung kabekteng umuk
ratu agung sugih prajurit
putrinipun kabanda
ing putra pukulun
Nata Dewi kang ambanda
pan sadaya pitungkas paduka nguni
jarahan beboyongan.
5. Kaatura ing rama Sang Aji
mung Banawati karsa Sang Nata
inggih tinarimakake
mring kawula pukulun
lawan malih pitungkas Aji
angatas ingkang karsa
Kusuma Marpinjun
punapa ngarsakna tamban
miwah lamun angarsakena tumuli
rama Tuwan sumangga.
6. Mesem ngandika Sang Jayengmurti

ingkang putra ingaras bunira
ngelus elus srinatane
nini sira winanuh
marang Eyangira Medayin
iki ta pamanira
muni layangipun
iya lamun Eyangira
dhawuh sihe tur sira sinungan kardi
sukuringsun kalintang.

7. Angandika mring Nateng Kohkarib
tuwin marang Arya Tasikwaja
iki wis lega galihe
Sri Bathara Medayun
lila marang putra sayekti
nyekarep karsaningwang
samangsa ngong suwun
esuk miwah sore lega
cekak landung pangwasa wus aneng mami
ing mengko karsaningwang.
8. Yayi Dewi ngong suwun tumuli
para ratu padha undhangana
anrataa dedalane
aywa na kang barenjul
den benera sipating margi
saking nagri Kubarman
lan nagri Medayun
yen ana gunung ing marga
ngalang dalan nuli jugrugen den aglis
miwah yen kali malang.
9. Yen bengawan elihen den aglis
yen kali cilik karetegana
kekayon kang gedhe gedhe
tegorana den gupuh
den rataa kalawan siti

- watu watu kang rada
gedhe kang mandhukul
songkelen buwangen enggal
nadyan silih kerikil aywa na kari
den resik saponana.
10. Dene ratu kang ingsun paringi
pangwasa kang angrata dedalan
memantes uparenggane
resmining kang marga gung
Yayi Prabu ing Ngalabani
lawan Nateng Jongmirah
sapunggawanipun
iya Sang Raja Durdanas
Raja Sarkam Sang Prabu ing Ngalabani
arine Arya Maktal.
11. Wenang amlaksana kang asisip
lan angganjar kang cakut ing karya
kang prayoga saregepe
lawan parentah ingsun
saben saben ing tigang ari
karyaa pasanggrahan
pasanggrahan agung
lawan ubengana toya
kali mili yen tan ana kali mili
karyaa tetegalan.
12. Gedhong ngapit ubengana kali
lamun ora telaga ngapita
samekta tetuwuhane
den pindha alun-alun
sangarsane pakuwoneki
ing patang puluh cengkal
jembaring lelung
rukem waringin karonya

nuk tepining marga den pirita asri
aywa moncol ing sipat.

13. Ya ta Wong Agung ngandika malih
lawan Yayimas ing Parangteja
iya tinriman badhene
mring Bathara Medayun
putri saking ing Kandhabumi
Banawati kang nama
putri luwih ayu
mandraguna ing ngayuda
pan binareng iya lawan karsa mami
badhe binata rebah.
14. Suka miyarsa sagung para ji
ya ta kondur Wong Agung ngadhatyan
tansah kinanthi putrane
prapteng pura pinethuk
dening garwa Ismayawati
Retna Prabu manembah
mring ibu rinangkul
kinanthi Retna Ismaya
sinung warta lampaha putrinireki
riri sarwi lumampah.
15. Awor parekan manungsa lan jin
jejel ngayab ngebeki pura
tuhu angambar gandane
nrus ing sapta rum-arum
estu lamun winonging bumi
Risang Surayengjagad
tan sameng tumuwuh
kadya Jeng Nabi Suleman
prabawane kaprabon anderajati
pamuwah pramudita.
16. Prapteng made mas wus samya linggih

aglar sagung pawongan neng ngarsa
ejin neng kanan keringe
tunggil dhahar Wong Agung
lan kang garwa Ismayawati
wowohan kekiriman
saking Ngajrak Agung
tan pegat andina prapta
kawuwusa sagung kang para Narpati
kang sami tata karya.

17. Atengara gumuruh wadyeki
pitung atus kang ratu wadana
budhalan sapanekare
kadya giri wun-awun
pan warna ro lampahé baris
gegaman aneng ngarsa
nulya wurinipun
baris jagul wadung kampak
pethel linggis pacul gobang lawan kudhi
wadung kethen ayutan.
18. Bekta rata Nateng Ngalabani
Raja Sarkam kinarya tuladha
nenggih kang marga ratane
yen wus kena lumaku
ratanira Nateng Ngalabi
lawan Nateng Jongmirah
ratane lestantun
iku marga sinampunan
prapteng wana umangsah kang nambut kardi
lir prahara ruhara.
19. Kadya rebah akasa nibani
bumi belah buron kagegeran
datan ana pangungsene
akethen wong memadung
pan ayutan wong macul sami

garu waluku kathah
kinarya ambrabuk
ing wana kang sampun babak
wadya bala Kuparman ngebeki bumi
tuhu tanpa wilangan.

20. Kuneng wadya kang anambut kardi
wau Wong Agung kang aneng pura
agunem lawan garwane
Retna Ismaya matur
paran karsa paduka benjing
yen wus celak ing karya
ing paningkahipun
punapa inggih paduka
lumampaha dhateng nagari Medayin
punapa utusana.
21. Angandika Sang Surayengbumi
Yayi Dewi pangrasa manira
becik ngong lumaku dhewe
tan ilang taklimingsun
ing Bathara Anyakrawati
matur Dewi Ismaya
aleres pukulun
nanging yen menggah kawula
boten pened yen lumampaha pribadi
sae duta kewala.
22. Pakantuke inggih kaping kalih
kang rumiya wus mungel ing surat
Yayi Maktal ing lampaha
nguwisi wakil tuhu
nanging dede ningkah jinanji
mung putusing bicara
makaten pukulun
lamun Tuwan lumampaha
kirang wawrat yektine Rajeng Medayin

praptaning kabatinan.

23. Dene paduka datan kaeksi
ngamungaken putusan kewala
putrine pinaringake
tuhu anrus ing kalbu
dene lamun Nusirwan nampik
wurung pinaringena
inggih putrinipun
mangsa ta inggih gagala
Jeng paduka akrama putri Medayin
yen maksih pun Ismaya.
24. Mesem ngandika Sang Jayengmurti
yen mangkono Yayi bener sira
sapa tinuduh pantese
Dewi Ismaya matur
rama Tuwan Sang Rajeng Mesir
kanthiya Nateng Yahman
sami tiyang sepuh
mesem Sang Ibnu Suraya
iya bener titikamu iku Yayi
ngandika mring parekan.
25. Lah dhawuhna Sang Rajeng Kohkarib
Si Baritma lan Si Maliritma
padha sun duta karone
lan sapunggawanipun
angaturi Rama Ji Mesir
lawan Sang Nateng Yahman
den barengi laku
undure den ampirana
sareng mijil parekan sigra dhawuhi
marang Prabu Marmadya.
26. Ratu kalih pan sampun tinuding
Sri Baritma lan Sang Maliritma
budhalan sapunggawane

binektan surat sampun
gelacutan bala sakethi
lampahe kalih raja
tan kawurneng ngenu
prapta ing Mesir nagara
wus apanggih lan Sang Prabu Asanasir
serat wus tinampanan.

27. Wus kaduga Sang Prabu Sanasir
sigra dennyangundhangi bala
pra dipati punggawane
mantri satriyanipun
pan kinerig wadya ing Mesir
wusnya samekta budhal
sira Sangprabu
ambekta bala rong yuta
sakapraboning prang gumuruh ing margi
Sang Prabu Maliritma.
28. Mampir marang ing Yahman nagari
Raja Baritma ingkang anunggal
Rajeng Mesir pandhereke
kang marang Yahman rawuh
Maliritma pan sampun panggih
lawan Prabu Tohkaran
dhinawuhan sampun
siyaga samekta budhal
ratu kalih pinisepuh den alimi
tan tumut mring Kuperman.
29. Liya punika ingkang para ji
pan sadaya ngadhaton Kuperman
lan satriya punggawane
saputra garwanipun
saprajuritira pinalih
wau ta lampahira
Rajeng Mesir rawuh

jawining kitha Kuparman
sira raja Baritma wus atur paksi
yen Rajeng Mesir prapta.

30. Jayengmurti sigra dennya mijil
saha bala miwah para raja
methuk kang rama praptane
mring jawi kitha tundhuk
angabekti Sang Jayengmurti
Nateng Yahman manambah
mring Sang Jayengpupuh
lajeng manjing jroning kitha
wus sinegah makuwon Sang Rajeng Mesir
daleme Arya Maktal.
31. Sinegahan kang sarya di-adi
pendhak enjinge pan ingaturan
mring jro kadhaton kalihe
satata dennya lungguh
Retna Dewi Ismayawati
ngabekti mring kang rama
Rajeng Mesir sampun
pamangun bicaranira
Jayengmurti matur ing rama Sang Aji
mila paman paduka.
32. Kalihipun kawula aturi
aprakawis ing nguni kawula
nuwun Bathara putrine
yayi Dewi Marpinjun
inggih ngarang ulu anenggih
putra Tuwan Muninggar
kang kawula utus
putra paduka yayimas
Parangteja anglamar dhateng Medayin
lampaha kasarengan.
33. Lawan ratu saking Kandhabumi

ratu agung pan samya anglamar
Banakamsi peparabe
temah dadya prang pupuh
yayi Maktal ingkang nadhahi
Nateng Kandhabuwana
kasor yudanipun
pejah dening yayi Maktal
sasirname mengsah Sang Rajeng Medayin
pasrah dhateng kang putra.

34. Ing paningkahipun Paman Aji
kula kedah lumampah priyangga
ninging putra Tuwan kedahe
Yayi Smaya puniku
kula kinen nglampahna wakil
inggih Paman sampeyan
pantes rembagipun
amakilana paningkah
sru gumujeng miyarsa Sang Rajeng Mesir
leres rayi paduka.
35. Suteng ulun Ni Ismayawati
pan sampun tuwuk jeneng paduka
ngandhap-andhap salamine
mangke pinangkring angkuh
jer wus katon tan wruh ing becik
upami ginagalna
Kusuma Marpinjun
sawab-awakil kewala
padha tuwa kawula kang nembadani
sagendhinge Nusirwan.
36. Lawan Yayi Prabu Yahman sami
mangsa luputa putri kagarwa
yekti dadya aprang rame
angrebut Ni Marpinjun
bosah basih nagri Medayin

putri dadya jarahan
ning watawisipun
mangsa kongsi makatena
yen kawula inggih ingkang anglampahi
kadi gampil kewala.

37. Matur alon mring Rama Ji Mesir
wau Wong Agung Surayengjagad
mila Paman sapenede
dadya Paman panuju
ing rembage pun Yai Dewi
Rajeng Mesir turira
sakethi panuju
mendhet antep kabatinan
mesem matur Wong Agung Jayadimurti
yen makoten sumangga.
38. Kula bektani kanthi ing margi
kawan atus ingkang para raja
narendra kang gedhe-gedhe
lajeng angundhuh mantu
sampun kirang lan sampun luwih
satus kethi gegaman
umiring pukulun
Wong Agung sigra parentah
mring Marmadi mundhut kang para narpati
kawan atus kewala.
39. Sapunggawane satriya mantri
ingundhangan kawan atus raja
samekta sagegamane
Prabu Marmadi sampun
Umarmaya ngandikan sami
Marmadi bekta cacah
ing gegaman katur
cacahe kang wadya bala
pitung leksa para mantri kalih kethi

kalawan kawan leksa.

40. Surat katur narapati Mesir
aturipun Wong Agung mring Paman
Tuan parentah ing tembe
yen celak ing Medayun
sakathahe kang pra dipati
amanguwa gegaman
sabanderanipun
para mantri pepayungan
para ratu saben saupacara ji
tundha-tundhaning lampah.
41. Matur sandika Prabu Sanasir
yen makaten amba benjang-enjang
budhal pinareng saene
dinten lan tanggalipun
ingkang putra anembadani
pisalin lan pamapag
mring Retna Marpinjun
busana saking Ngajerak
pan sarwendah sadaya busananing jin
kalih pethi geng sarat.
42. Wus katampen mring Sang Aji Mesir
sinjang pisalin sarta pamapag
wus samya salaman kabeh
Wong Agung telas sampun
pitungkase mring Nateng Mesir
wus samya pamit medal
tan kawarneng ngenu
enjang aneteg tengara
budhal saking Kuparman Sang Rajeng Mesir
senapatining lampah.
43. Para ratu kalih atus ngarsi
kalih atus ingkang munggend wuntat
gumuruh wadya kuswane

wadya sajuru-juru
ingkang samya nitih turanggi
kadya samodra wutah
dipangga pindha lun
anitih rata kenaka
Rajeng Mesir apangirid kuda janggi
samas turangga seta.

44. Para ratu kang angrata margi
sampun rumat ratrataning marga
sinaponan sadayane
mung kantun para ratu
ingkang sami amemuteri
waringin lan karoya
rukem manggis dhuku
ageng-ageng pinuteran
pan ingantep gotong satus den puteri
tinata pinggir marga.
45. Gedhong-gedhong saben tigang ari
sampun sami rumat adegira
amung kantun anglabure
kalawan sunggingipun
nila wredi ginarap lagi
parada pira pira
ewon pethenipun
langkunge gegamanira
Rajeng Mesir pra ratu kang nambut kardi
ing marga asesegah.
46. Amanggih mring Prabu Sanasir
ratanira pan sampun apelag
alempeng kekencengane
sipate ing Medayun
lan Kuparman gantheng mantesi
andungkap kawan dina
wadya ing Medayun

kang nanggapi ratratan
wong Medayin gumerah **anambut kardi**
ing marga asesegah.

47. Lawan sauparengganing margi
wadya Ngarab sadaya tinelad
nora nana salencane
mangkana lampahipun
Rajeng Mesir sampun angancik
ing Medayin talatah
tepining prajagung
Sri Bathara wus miyarsa
lamun duta Kuparman Prabu Sanasir
badhe wakiling ningkah.
48. Angundhangi bala Sri Bupati
wus samekta budhal Sri Narendra
mring jawi kitha lampahe
sawadyanira methuk
mring caraka Prabu Sanasir
Wong Agung Parangteja
lan sawadyanipun
kang manganjuri ing lampah
tan kawarna ing marga sampun kaeksi
gegaman raja duta.
49. Sainya piyak bala ing Medayin
satriya Parangteja tumedhak
nenggih saking wahanane
malajengi Sang Prabu
minggah ratanira ngabekti
rinangkul mring kang paman
alon aturipun
punika raka paduka
pan amethuk Sri Bathara Nyakrawati
dhateng lampah paduka.

50. Angundhangi kendel Raja Mesir
para ratu ingkang munggeng ngarsa
piyak sagegamane
wus mire para ratu
miwah sagung bala Medayin
samy nimbangi piyak
ing ngarsa Sang Prabu
katingal dipangganira
pan angglak amung saupacareki
ing ngarsa kering kanan.
51. Tedhak saking rata Rajeng Mesir
miwah sira Bathara Nusirwan
tedhak saking dipanggane
paran pinaran tundhuk
lawan sira Sang Rajeng Mesir
rangkul rinangkul jangga
myang cium cinium
Prabu Nusirwan lingira
Yayi Prabu Sanasir sami basuki
duk mangkat saking praja.
52. Nateng Mesir anauri inggih
sigra sareng denira budhalan
Nusirwan neng dipanggane
myang Rajeng Mesir sampun
tinimbangan nunggil saesthi
munggeng palangka retina
ngiras gunemipun
Rajeng Mesir aturira
dhuh pukulun lampah kawula tinuding
dhateng ing putra Tuwan.
53. Amakili ing paningkah neki
kalih putra Tuwan sang lir retina
Marpinjun ing sasampune
lajeng ingundhuh mantu

Sri Nusirwan nauri aris
Yayi Prabu sumangga
ing siyang lan dalu
sampun menggah Yayi Nata
kang ingutus sanadyan inggih pakathik
kula datan suwala.

54. Samangsane Prabu Asanasir
pambektane ing putra andika
kula jumurung ing pangreh
tan garantes sarambut
inggih Yayi Prabu ing Mesir
inggih Sang Kakuningrat
tan pae ing laku
pantes dadya awak-awak
Wong Atuwa tresna sungkeme pun Amir
tan pae lawan bapa.
55. Amung inggih kaot kang angukir
lawan kakang Adipati Mekah
si Kakuningrat sungkeme
sanget mring yayi Prabu
anauri Sang Rajeng Mesir
kang sampun kalampahan
yen kawula tutuh
malah anangis kewala
boten purun suwala barang pakarti
awit ajrih tur tresna.
56. Arya Makral munggeng ing serati
neng ngarsane prabu kalihira
miyarsa barang rembuge
Nateng Mesir Medayun
angandika Sang Rajeng Mesir
suta ngong Parangteja
iki ta Sang Prabu
datan ngowahi ubaya

samangsane sun gawa ing siyang ratri
Sang Nata mung sumangga.

57. Arya Maktal matur angabekti
inggih pukulun raka paduka
sampun dhawuh timbalane
saking rumjyini pun
datan owah ing paduka Ji
wau ta lampahira
prapteng jro kitheku
samarga dadya tontonan
wadya Mesir akathah tur becik-becik
samektaning busana.
58. Tedhak saking esthi prabu kalih
katigane Arya Parangteja
Sri Bathara timbalane
paran ta Yayi Prabu
pasanggrahan kula saosi
Rajeng Mesir turira
pukulun Sang Prabu
nunggil pun Maktal kewala
ngiras pantes kangen kula ing siwi
lestari pisah lampah.
59. Sri Nusirwan kondur manjing puri
Rajeng Mesir lajeng masanggrahan
lawan sawadyabalane
marang pakuwonipun
Wong Agung ing Parangtejeki
lawan Sang Rajeng Yahman
sawadya bala gung
wus tata pakuwonira
Rajeng Mesir nunggil pakuwonireki
putra Parangasmara.

9. **DEWI MARPINJUN DIPUN BOYONG DHATENG KUPARMAN**

ASMARADANA

1. Kuneng wau Sri Bupati
sapraptanireng jro pura
nimbali prameswarine
Jurujinem tur pranata
Sang Nata angandika
Yayi samektaa gupuh
sauparengganing karya.
2. Dutane si Jayengmurti
Sang Rajeng Mwsir kang prapta
iku kang dadya wakile
ningkah yen uwis paragat
sutanira ginawa
dene iki karsaningsun
ing karsa sun bata rebah.
3. Lawan putri Kandhabumi
prameswari tur sumangga
sampun rakit sadayane
Sang Nata nimbali Bestak
tan adangu wus prapta
alon ngandika Sang Prabu
Patih apa wus samekta.
4. Sauparengganing kardi
ing karyane putraningwang
Patih Bestak awot sinom
inggih pukulun samekta
samangsane sumangga
ya ta ngandika Sang Prabu
ya besuk ing Soma ngarsa.
5. Sun ningkahken nini putri

Banawati lan si Maktal
si Marpinjun panggawane
pan luwih karsane uga
ing Mesir Yayi Nata
sayekti bareng ing besuk
budhale gegaman Arab.

6. Rekyana Patih wotsari
mijil saking jroning pura
lajeng ngundhangi sasaos
marang sagung para nata
tuwin mantri punggawa
sami makajangan sampun
samekta saguning karya.
7. Sagung lurung lurung sami
sadaya wus binusanan
panangkilan asri tinon
tan ilang tinanyakena
kalangenan sadonya
samenteng prapta dina wus
pepak saguning punggawa.
8. Satriya mantri para ji
wus aglar samektanira
miwah wong Ngarab sakehe
Wong Agung Parangteja
nunggil lawan kang rama
Rajeng Mesir kanthinipun
Yahman Prabu Bintirahyan.
9. Rajeng Mesir den aturi
lan wong Agung Parangteja
wus prapta made paningron
Betaljemur tan atebah
sampun bawahhi ningkah
wusnya wau Sang Aprabu
mijil marang panangkilan.

10. Bujana lawan para ji
gumuruh ing panangkitan
punggawa lan para katong
suka sukane kalintang
eca panayubira
mangkana ing wijilipun
Sang Retna saking jro pura.
11. Ginarebeg para putri
tuwin garwaning punggawa
wong Ngarab nampani kabeh
jempana joli samekta
gegamanira abra
lir wukir sewu katunu
yayah girindra pawaka.
12. Hurmat mriyem sewu muni
slomporet tambur sewu munya
jidhur barung pradanggane
gong beri makendhang kendhang
suka wadya Rab samya
wus nampeni gustinipun
gumuruh swaraning wadya.
13. Retna Marpinjun tinunggil
lawan Sang Retna Sudara
putri Karsinah malihe
Nata Dewi Ngajrak prapta
sakawan sajempana
Banawati kumpulipun
lan garwane Patih Bestak.
14. Lan putri kekalih malih
garwa paminggir Nusirwan
sakawan Banawatine
gumuruh kang bala Ngarab
mantri ngrembat jempana

kang jajari punggawa gung
pra dipati ngupacara.

15. Pra satriya kang ngampingi
gumuruh jejel ing marga
kandhih dening wong nenonton
Wong Agung ing Parangteja
nitih rata rinengga
winarni pradapaningrum
jong bangunjring sungging rukma.
16. Retna dikara malipit
sesotya winangun tirah
jumanten nila widuri
arja songsong kawanwelas
sisih myang upacara
tulya sri abra ngenguwung
tuhu yen pradapaning rat.
17. Rajeng Mesir wurineki
kalawan Sang Nateng Yahman
gumrah asri gegamane
praptaning pakuwonira
wong Ngarab tetel atap
respati baris sesiyung
lir yutan meru kenakas.
18. Hurmate angleliwati
kadya girindra puspita
wus pinarnah sang lir sinom
putri ing Kandhabuwana
nenggih sampun tinampan
marang ing sira Wong Agung
Parangteja panggihira.
19. Kuneng wuwusen ing kardi
wadya Rab anutug suka
tan alami antarane

Sri Nusirwan wus mematah
tigang atus narendra
lan raja putra katelu
hurmat Semakun lan Hirman.

20. Nenggih kang samya tinuding
umiring marang Kuparman
dhomas punggawa cacache
tur sami sagarwanira
ngiring gusti Sang Retna
para ratu tigang atus
manggala putra tetiga.
21. Wus budhal saking Medayin
gegaman tanpa wilangan
lir ombaking samodra rob
gegaman Ngarab neng ngarsa
bala Medayin wuntat
Prabu Sanasir genipun
lumampah wuri jempana.
22. Lawan ing Yahman Sang Aji
sira Sang Prabu Nusirwan
saha bala pandhereke
lelampahan tigang dina
wangsulira Sang Nata
kuneng wau kang lumaku
wus lepas saking ing praja.
23. Ngancik ujunging wanadri
angambah warga kang anyar
tuhu pelag ratratane
arata wedhi tumumpang
teki siji tan ana
suket godhong ingkang runtuh
salembar wus sinaponan.
24. Tetuwuhan amarnai

ngemohi tepining marga
suka sagunging wong wadon
samarga arerebutan
Wong Agung Parangteja
dhinginken utusanipun
Rajeng Kobar mawi surat.

25. Prapteng Kuparman nagari
lampahe Sang Nateng Kobar
lajeng tumameng kadhaton
katur surat kang binekta
mring Sang Surayengjagad
kadriya suraosipun
Wong Agung ngundhangi bala.
26. Samekta sugata sami
amemetis buron wana
sagung ulam-ulamane
akathah yen cinatura
miwah busaneng bala
para ratu kang amethuk
samekta sugateng marga.
27. Wong Agung sampun alinggih
lan garwa Retna Ismaya
wus pitung candra lamine
aneng kadhaton Kuparman
miwah sawadyanira
kang rayi ngandika sampun
Sadatsatir prapteng ngarsa.
28. Wong Agung ngandika aris
heh yayimas undhangana
wadyanira jin separo
padha lumakuweng wiyat
anawengana surya
den apindha mendung-mendhung

nimpen soroting baskara.

29. Ismayawati nambungi
yayimas padha mandhiya
wit-witan kang gedhe-gedhe
waringin kesambi gurda
bulu rukem karoya
dimen sangat ayubipun
kang rayi nembah sandika.
30. Mesat Raden **Sadatsatir**
wus anapak jumantara
bekta bala jin saparo
sapalih tengga Sang Retna
wau kang marang wiyat
wus prapta ing nginggilipun
wadya kang samya lumampah.
31. Eca surya tan manasi
angin milir sawatara
sidhem amungu rarase
yen jangkep ing tigang dina
amanggih gedhong pelag
tigang dalu rerebipun
gedhong ingubengan toya.
32. Kasukan samargi-margi
wong Medayin samya suka
satengah ana miraos
iki kang garwa derajat
Gustiku Sang lir Retna
sandhinge nauri wuwus
iki Wong Agung Kuparman.
33. Iya kang karya respati
ing marga bala Ngajerak
lumaku neng luhur kono
lah ta mara tengerana

pan iki ana swara
gumer tan pati karungu
mangkono pangrasaningwang.

34. Kuneng laminya neng margi
pan sampun samadya candra
tumpa tumpa pamethuke
gegaman saking Kuparman
sarwi bekta sugata
sungsun sungsun para ratu
atri gumuruh ing marga.
35. Wau ta Sang Jayengmurti
samekta busaneng bala
sapraja uparenggane
lurung lurung ginelaran
wastra sutra bang kasa
tangsi kuning abang biru
antuk lelakon sadina.
36. Saking ing jaban kitheki
dening sajroning nagara
kestin mawarna maliyo
saonjotaning taratag
tarub lungsir diwangga
kestop supmasru lawan mur
tarub satepining marga.
37. Wong Agung budhalireki
saking nagari Kuparman
lan ingkang garwa andherek
Kusuma Dewi Ismaya
tan pisah lan kang raka
neng rata kenaka meru
sungguh bangunjring mardapa.
38. Kadya baskara duk nijil
mungup saking ing samodra

wadya jin kanan keringe
awor lan wadya pangayap
gegaman para raja
lir girisa kethi tunu
abra kang munggend ing ngarsa.

39. Jempana sewu ing ngarsa
lan parekan pitung nambang
ingkang upacara kabeh
kuneng kang lagya lumampah
wau kang kawursita
wonten raseksa dhedhukuh
aneng giri Bujantara.
40. Punika ditya angili
kaburak saking Jabalkap
buta punika anake
dening Raja Samaduna
buta kang sirah sasra
ingkang pinaten ing dangu
mring Wong Agung Kakungingrat.
41. Ing mangke amangun teki
aneng Giri Bujantara
Ditya Barduwas namane
sirah satus astanira
kalih atus prakosa
anggunng asesaba dalu
danawa maling aguna.
42. Duk tilare ramaneki
punika pan maksih bocah
binekta marang embanc
ngungsi pulo Bujantara
lami samya martapa
emban kalih namanipun
pun Dawer Dumuk satunggal.

43. Sekti julig saba wengi
angrerusuhi nagara
ing ngarsa kanan keringe
kang sinaba mring Barduwas
suwung ingkang nagara
mangkana wau angrungu
Dumuk Dawer ing pawarta.
44. Lamun putri ing Medayin
ingarak marang Kuparman
mung panganten wadon bae
arereyongan ing marga
pajer manggung kasukan
nyenyukat tyase Marpinjun
Dumuk Dawer tur ing wuntat.

10. **LAMPAHING PANGANTEN DIPUN BEGAL ING DANAWA
PANGKUR**

1. Ature mring Prabu Jaka
Sang Barduwas angger wonten pawarti
Marpinjun putri Medayun
binekta mring Kuparman
yen suwawi binegal cinolong dalu
binekta mring Bujantara
putri adi ing Medayin.
2. Punika Sang Kakuningrat
kang mejahi rama paduka nguni
satu buyutan puniku
lawan jeneng paduka
yekti pinet rabine dimen prang pupuh
mangsa ta inggih kawona
kasekten paduka Gusti.
3. Sakathahing kaluwihan
kaprawira sadaya sampun keni

salamine tapeng gunung
angling sira Barduwas
yen mangkone payo lunga amemandung
mengko bengi ngadhang marga
andhustha putri Medayin.

4. Sang Prabu Jaka Barduwas
wus busana kapraboning jurit
badhama parasu limbung
gandhi salukun kunta
pukul pitu ditya katri bareng mabur
nedya mring pakuwonira
lampahe putri Medayin.
5. Kendel ing gedhong wangunan
badhe rerem neng ngriku tigang latri
pakuwon kapang atepung
para putri rumeksa
nunggil latri sakawan sang Retna Prabu
rumekseng ibu katiga
Retna Dewi Kuraisin.
6. Sudarawreti tan pisah
lan Rabingu Sirtupelaeli
katiga Retna Marpinjun
sakawan ingkang putra
ingkang nunggil sapatani tilemipun
wau praptane Barduwas
Dumuk Dawer kang angiring.
7. Anjejep ing pasanggrahan
matak sirep ing wanci madya latri
sirep kang wadya gung agung
dhedhep sapaasanggrahan
jalu estri tuwin para ratu ratu
anggun Sang Retna Sudara
lan Sirtupelaeli.

8. Katiga Sang Dewi Raja
samy a catur basa caraning ejin
Kuraisin kang memuruk
mring ibu kalihnya
ing kang sampun sare mung Retna Marpinjun
mangkana ditya katiga
pakuwon sampun rinampit.
9. Kuraisin kudandapan
mambu ditya matur ibune kalih
ibu kadi wonten pandung
wonten ambeting ditya
Retna Dewi Sudarawreti amuwus
heh yayi putri Karsinah
lah payo den ngati-ati.
10. Mengkorok gegithok ingwang
kaya pantes iki yen ana maling
sutra kemanden rinasuk
sang putri kalihira
nadyan ditya raksasa tan bisa dulu
amung Marpinjun kang nendra
putri katiga miranti.
11. Sami amenthang gandhewa
ngiwa nengen tinar kang aguling
wil Barduwas praptanipun
Dumuk Dawer neng wuntat
panjejepe jabaning langse dhekukul
sigra Sang Retna Sudara
anglepasaken jemparing.
12. Tumutur putri Karsinah
anglepasi jemparing aaking kering
sikut kiwa kang tinanduk
dening Retna Sudara
susu tengen jemparingira tumanduk

anjinkat akicat kicat
tan wruh sangkaning jemparing.

13. Anggero sira Barduwas
Dumuk Dawer kalih amarepeki
saksana malih tinuju
dening Retna Sudara
sira Dumuk katiban baune rampung
anggero sambat gustinya
sapa kang jemparing iki.
14. Baya prajurit ing Ngarab
jemparinge bisa mara pribadi
gusti bau kula rampung
sapa ta kang amanah
den pindowa aja tanggung patiningsun
Barduwas angrik sesumbar
nora nana kang nauri.
15. Dawer lagya ngundha gada
kebat putri Karsinah anglepasi
panah dhadhali tumanduk
Dawer wentise kena
gero gero gariyeng ditya katelu
Kuraisin suka mulat
ibu sampun anauri.
16. Ibu kendela kewala
didimene bingung pating barigi
mangsa mulata punika
ibu dhateng sampeyan
ditya katri sami sakit badanipun
anjola anglumba lumba
sru angrik anggeririsi.
17. Marpinjun meh jinangkahan
kebatira Retna Sudarawreti
amindho jemparingipun

jajanira Barduwas
katanjeban jemparing sabuntaripun
rahnya kadi dhatuk muncar
gedhong mubeng den tumbuki.

18. Geger Marpinjun ginawa
mring marune wau sang putri kalih
pawongan mawur maledug
umyang ing pasanggrahan
samyakaget prajurit kang para ratu
prapta sabusananing prang
samyak panggunireki.
19. Barduwas mangrik makrura
aningali jalma kyeah den amuki
angamah amah anubruk
bubar ingkang pinarak
Rajeng Mesir Sanasir kagyat awungu
angrasuk kapraboning prang
wong lumayu den andhegi.
20. Dadya pra samya ampingan
kang lumayu mring Prabu Asanasir
obor atusan neng ngayun
Sang Prabu menthang laras
tinarajang lumepas sanjata mamprung
cumundhuk ing jajanira
sangsaya sru denira ngrik.
21. Wong Agung ing Parangteja
gurawalan kagyat ing swaranyatri
angikal pedhang lumebu
kapanggih ingkang paman
Rajeng Mesir ayuda lawan ditya gung
Arya Maktal marang ngarsa
ingkang paman den alingi.
22. Sira raksasa Barduwas

saya wuru krodhanira nekani
lir andaka nandhang tatu
gedhong gedhong tinunjang
bobrah babrih Arya Maktal meh tinubruk
tan osik saking genira
arsa naut den barengi.

23. Pinedhang **baune pagas**
asru angrik Bzrduwas pan sarya ngling
pindhonen pedhangen ingsun
ywa tanggung patiningwang
Arya Maktal emut ing pitungkasipun
Wong Menak duk prang Jabal
gupuh denira mangsuli.
24. Nora kudu mindho ingwang
pan sapisan bae sira ngemasi
sira Barduwas angrungu
sumbare Arya Maktal
niba niba binanting dhewe dhasipun
anumbuki pager gudhang
tan adangu wus ngemasi.
25. Dumuk Dawer wus kacandhak
saking wuri ing Sang Narendra Dewi
buta ing ngendi dangkamu
nora atuku warta
arep gawe cidra mring wong tuwaningsun
sumangga puniki Paman
rencange ditya kang mati.
26. Wong Agung ing Parangteja
angandika mring putra Kuraisin
rara buta ngendi iku
Dumuk Dawer turira
inggih saking Bujantara dangkanipun
anake wil Samaduna
ing nguni kang den pejahi.

27. Mring Nata Dewi Ngajerak
lan kang rama Kalana Jayengmurti
danawa kang sirah sewu
mesem Sang Dewi Raja
matur nembah inggih Paman anakipun
ditya Raja Samaduna
ing nguni kang den pejahi.
28. Dhateng ing raka paduka
Kangjeng Rama ing prang kula but kalih
pun Barduwas sutanipun
ngunsi ing Bujantara
inggih Paman bature paduka ingu
pun Dumuk Dawer punika
memelas dipun pejahi.
29. Wus prapteng ari kamantyan
pan rinubung ing wadya kang para ji
bathange Barduwas agung
sirah satus baunya
kalih atus kang andulu samya ngungun
Arya Maktal peparentah
siyung wus kinen geraji.
30. Gotong pat siyung satunggal
Arya Maktal ngandika mring putreki
Dhenok sun tan arsa ngingu
ditya kinarya paran
angur iya gawanen maring prajamu
akeh tunggale Ngajerak
tur sembah Sang Prabu Dewi.
31. Danawa wus tinampenan
mring bala jin wau Sang Rajeng Mesir
aken tengara gumuruh
budhal saking mondhokan
tri gumuruh siyung ginotong neng ngayun

kanan keringe jempana
gumuruh swaraning baris.

32. Lepas ing marga wus prapta
ing antara makuwon tigang latri
wus celak pamethukipun
Wong Agung ing Kuparman
pangarsane barisan sampun atempur
kadya paguting samodra
narpati rong atus ngarsi.
33. Lawan sagegamanira
awor lawan kang saking ing Medayin
dadya lampahing panganjur
minger baris Kuparman
ing ngawiyat wadya jin samya ngendhanu
ngaubi ingkang lelampah
lawan angin silir silir.
34. Wau Wong Agung Kuparman
kendel aneng gedhung wangunan nganti
praptane Sang Retnaningrum
anata palenggahan
wus katingal **nganan** ngering baris agung
piyak akapang neng latar
pinggir tetarub para ji.
35. Punggawa satriya aglar
kang sumiwi Wong Agung Jayengmurti
para mantri kang amikul
jempanane Sang Retna
sinalinan mantri Kuparman tumanduk
kang sami mikul jempana
gumuruh samya genteni.
36. Baris wutah ngara-ara
wana wana bentet kalaban baris
lir arga sewu katunu

tedhak Sang Kakungingrat
ngadeg munggeng sor tratag lan garwanipun
Retna Ismaya ngatingal
mung cethi jin tan kaeksi.

37. Cethi manungsa sadaya
dhomas ngayap kathah kang para putri
putra Meday in tiga wus
dhingini praptanira
marek nembah cinandhakan astanipun
mire ngering asasmita
taha mring Ismayawati.
38. Wus tedhak saking jempana
para putri pra samya ngiring-iring
marang Kusuma Marpinjun
Rajeng Mesir neng ngarsa
sarwi nuntun ing astanira Marpinjun
wus celak Sang Kakungingrat
sinembahaken tumuli.
39. Nulya pra putri sadaya
nembah ngaras padanira ing laki
myang kang putra Retna Prabu
Kuraisin manembah
sigra tedhak mring palenggahan Wong Agung
satata lawan kang rama
Sri Naranata ing Mesir.
40. Marpinjun sinandhing lenggah
sapalangka nunggil Ismayawati
putri kalih keringipun
Sudarawreti lawan
Raja Putri Karsinah Retna Rabingu
Sirtupelaeli lawan
Nata Dewi Kuraisin.
41. Aliyangan ibunira

langkung tresna mring Sirtupelaeli
tuwin marang ibunipun
Sudarawreti samya
pan anglirik Wong Agung marang Marpinjun
prapta kang saos saosan
anadhah lan para rabi.

42. Miwah wau ingkang rama
Rajeng Mesir tan keni lenggah tebih
tunggil lan saambengipun
saguning para raja
sinaosan pra dipati satriya gung
saenggen enggen gumerah
swaraning wadya abukti.
43. Luwaran sagung anadhah
nyenyamikan belag prapta gumanti
gamelan umyung gumuruh
saben kang para raja
pra dipati nabuh kang tabahan umyung
meh prapta suruping arka
ing pakuwonira mijil.

**11. DEWI SUDARAWRETI TUWIN DEWI RABINGU SAMI
AMBABAR PUTRA KAKUNG**

MIJIL

1. Bubar samya makuwon para ji
barise mirantos
bokmanawa latri pakewuhe
prapta tigang ari tigang latri
tebane kang baris
ajejel matimbun.
2. Saubenge pan kalaban baris
kابه jurang sigrong
wus rinata kali kali kابه

leluwenge samya den urugi
kang kancikan baris
tan ana mandhukul.

3. Pasanggrahan dalem amarnani
sagunging kalangon
aprasasat jro pura tan pae
pagujengan sagung para putri
aneng made rukmi
enggene Wong Agung.
4. Byar rahina samekta kang baris
atengara bodhol
panganjure lepas ing lampahe
Retna Marpinjun lan kakung nunggil
kawot ing sajoli
lawan para maru.
5. Para ratu ing ngarsa myang wuri
kadya samodra rob
ambalabar wutahe balane
pan cinendhak lampahireng margi
tan kawarneng nguni
ing Kuparman rawuh.
6. Sanagara busekan ningali
gusti sakaroron
ngancik lurung kang winastran kabeh
kang kapungkur jagul kang ngambili
Wong Agung lestari
tumameng kadhatun.
7. Munggeng madya putri ing Medayin
Dewi Smaya kulon
putri Parangakik panggenane
dalem wetan Sirtu Pelaeli

tan ana barenci
tulus denny runtut.

8. Retna Ismaya ingkang baboni
anggepe amomong
pan ambiyung para maru kabeh
samy nembah mring Ismayawati
neng Kuparman lami
cinatur satahun.
9. Punjul sawulan rong puluh wengi
ingandheg angantos
putri kekalih meh wawratane
putri Karsinah lan Parangakik
samana wus mijil
nenggih kang rumuhun.
10. Retna Ismaya ingkang nulungi
bebayi wus miyos
pan sinambut nugel ri arine
parentahira Sang Jayengmurti
dimene kadya jin
kaprawiranipun.
11. Mila kinen amalakarteni
saguning pirantos
dipun cara ejin pratikele
pan toyanira Ismayawati
kekintunan saking
Ngajerak wus rawuh.
12. Salaminira Ismayawati
tengga neng kadhaton
neng Kuparman sawarsa lamine
dereng nginum toya manungseki
toyane pribadi
Ngajerak gung rawuh.

13. Angandika Sang Ismayawati
mring kang rayi alon
yayi dewi jabang bayi kiye
jalu pekik ingsun kang angambil
pan sun aku siwi
ing besuk pinunjul.
14. Iki yayi prawira ngajurit
ing ngayuda tanggon
Retna Sudara atur sembahe
pan sumangga kang bok kula darmi
Wong Agung nambungi
yayi becikipun.
15. Aranana sutanira iki
Ismaya wot sinom
inggih Raden Jayusman penede
ibu saking putri Parangakik
kawula kang ngambil
dimen ing prang punjul.
16. Langkung suka Wong Agung miyarsi
busana kaprabon
lajeng mijil tinangkal wadyandher
dangu siyung denawa kang mati
memaling ing margi
Arya Maktal matur.
17. Amiwiti malah amekasi
Sang Jayengpalugon
duk miyarsa pinundhut siyunge
Umarmaya kang kinen mecaki
siyung kang sawiji
pecak telung puluh.
18. Mundhut putra jabang bayi prapti
saking jro kadhaton
pan sinambut munggeng ing pangkone

Wong Agung Menak ngandika aris
mring sagung para ji
satriya gung agung.

19. Padha ngestrenana rare iki
namane samengko
yayi Ismaya weh peparabe
iya Raden Jayusman prayogi
lan iya kang ngambil
putra jatnipun.
20. Mring yayi dewi Ismayawati
para nata ngrojong
pratikele duk kadi dinuse
banyu saking Ngajerek kang prapti
lan popoke sami
sinjang jin kang rawuh.
21. Yayi Maktal siyung buta iki
lebokna kadhaton
dimen iki kinarya ameme
popoke sutanta jabang bayi
jejarit saking jin
gantariipun siyung.
22. Dimen kandel tyasireng ngajurit
lan saput pirantos
para ratu mangastuti kabeh
siyung sampun binekta mring puri
kondur Jayengmurti
tumameng kadhatun.
23. Retna Rabingu Sirtupeleli
wawratane miyos
mung salawe dina antarane
lan babare putri Parangakik
Ni Ismayawati
samyang kang tetulung.

24. Iya sami dinusan toya jin
tetimbulan karo
Retna Ismaya ing pratikele
angandika Menak Jayengmurti
sutanira yayi
ngong srah kalhipun.
25. Aranana iya rare iki
Ismaya wot sinom
inggih gampil punika namane
tinutaken wijil saking nini
putri Ruslan nguni
pan kawula ngrungu.
26. Paman Aji Karsinah akrami
putri Ruslan kaot
rare Ruslan punika namane
sasolahe inggih Paman Aji
kawula udani
pratingkah anggambuh.

**12. DEWI KURASIN TUWIN INKGANG IBU PAMIT WANGSUL
GAMBUH**

1. Ing Karsinah pukulun
inggih ta pinten ing tebihipun
lan Ngajerak sasat tatangga sayekti
pened lawan rama Prabu
amrasanak sami katong.
2. Pan liya jinisipun
ing Karsinah manungsa satuhu
ing Ngajerak ejin parandene becik
saking sami setya tuhu
ejin lan manungsa amor.
3. Putri Ruslan pukulun

- apan turasing prajurit punjul
pilih ingkang nangga wawrating ngajurit
ratu bot sesangganipun
sinembah samaning katong.
4. Nimbali para ratu
apan sampun kerid lebetipun
Arya Maktal Marmaya wus prapteng ngarsi
alon ngandika Wong Agung
yayi ana nusul miyos.
 5. Rakanta Ni Rabingu
Sirtu Pelaeli asesunu
wawratane iya babar jalu pekik
yayi Ismaya wus asung
peparab Ruslan kinaot.
 6. Sakehe para ratu
iya padha ngestokna satuhu
matur nembah sandika sagung para ji
Raden Ruslan namanipun
saestu trahing kinaot.
 7. Ambedhah gedhong satus
apan kinarya dana wadya gung
ian kinarya peparing marang wong miskin
sapraja Kuparman sampun
warata tan ana towong.
 8. Agung bujana nginum
sukan sukan lawan para ratu
Retna Dewi Ismaya pamit wotsari
apan wus satahun langkung
aneng Kuparman kadhaton.
 9. Myang sira Retna Prabu
Ni Kuraisin mangsah wotsantun
mring kang rama miwah para ibu sami

sadaya kang para maru
mring Dewi Smaya wot sinom.

10. Retna Sudara matur
apan nungkemi padaning maru
myang Rabingu Retna Sirtu Pelaeli
nungkemi pada amuwun
Retna Ismaya lingnya lor.
11. Mangsa lawasa ingsun
iya tetinjo maring sireku
destun lawas telung tahun kaping kalih
Kusuma Retna Marinjun
angrerepa matur alon.
12. Kang bok nuntena wangsul
apan kawula tan betah kantung
kula tumut dhateng Ngajerek nagari
Ismayawati gumuyu
lah yayi aja mangkono.
13. Karya susah lakimu
ingsun bae ingkang balik besuk
mangsa silih tegaa nora tetilik
ambahureksa lakimu
Pangeran Jayengpalugon.
14. Sigra ngrangkul Marpinjun
mring kang putra sira Retna Prabu
pan kinekep Retna Dewi Kuraisin
lah rara den enggal wangsul
aja akarya wirangrong.
15. Kang putra matur nuhun
dyan wangsul mring gene ramanipun
nembah pamit miwah mring Umarmayeki
tuwin marang pamanipun
ing Arya Maktal wotsinom.

lajeng nyandhak : Menak Kuwari



PN BALAI PUSTAKA — JAKARTA

Perpustakaan
Jenderal

8